НОХЧИЙН РЕСПУБЛИКИН ЙАЗДАРХОЙН СОЮЗ

Шарип Цуруев

СО ЦА КХЕТТА ДУЬНЕ...

Байташ

Соьлжа-ГІала
2023

УДК: 82(2Рос=Чеч)6-5
ББК: 8С(Чеч)
Ц 878

Цуруев Ш.

Со ца кхетта дуьне... Байташ. – Соьлжа-ГІала: АО «ИПК «Грозненский рабочий», 2023. – 224 агІо.

ХІара поэзин гулар зорбане йалар исбаьхьаллин дош дезачарна доккха совгІат ду, аьлла хета. Кху гуларна йуккъехь йолчу байташкахь карайо оьздангалла, эхь, гІиллакх, тешам, ларам, синцІеналла, кхийолу синмехаллаш а. Нохчаллин дозанал тІех а ца вуьйлуш, мел экаме синхаам буьйцучохь а, барамал сов ца вуьйлуш, даго паргІат ша-шега, адамашка, дуьнене, заманашка дина къамел ду ала мегар дара хІара гулар. Цуруев Шарипан поэзи – и шен заманан теш хиллачу, цуьнан дика а, вуон а шен сица литтинчу стага, адамашна орцанна тоьхна мохь санна йу. Цуьнан байташкахь, куьзганахь санна, дика го вай дехачу а, вайна гуш тІехтиллачу а заманийн сакхташ, царна оьшу дарба а.

ISBN 978-5-4314-0529-7

© Союз писателей ЧР, 2023

«Аса дуьйцу айса хийла сица лайнарш...»
(Цуруев Шарипан кхолларалла)

Валарний, висарний йуккъехь йолчу дахар цIе йолчу мIаьргонехь, дIаваха кечам балла бен йоцчу оьмарехь, кху дуьненан машанашлахь шен цхьа некъ беш догIу хIора а адам. Ткъа поэт? Поэтан дахар муха ду оцу дуккхачу адамашна йуккъехь? Поэт шена гонаха йолчу, Дала схьакхоьллинчу хазаллех воккхавеш, и хастош, адамашна ца гуш, цара тидам ца беш йолу кху дахаран къайленаш йостуш, нехан бала хала ловш, адамашна тIехь йеш йолчу харцонна дуьхьал, заманна дуьхьал бетта мохь санна, ца туьйш долу деган аз ду, гуттар а шена Iаьткъинарг нахе кхайкхош долу. Поэзи адаман дог иэца, цуьнан дог хьаста, ша санна долчу адаме къинхетамца хьажийна бIаьрг а, цунна диканиг лаарца аьлла дош а, цуьнан гIайгIа-бала а, цуьнан хазахетар а декъар ду. Нагахь санна и шеца дацахь, мел говза йаздина и могIанаш хиларх, даг тIе дIакхача ах новкъахь кег а ло и дешнаш…

ХIара поэзин гулар зорбане йалар исбаьхьаллин дош дезачарна доккха совгIат ду, аьлла хета. Кху гуларна йуккъехь йолчу байташкахь карайо эхь, оьздангалла, гIиллакх, тешам, ларам, синцIеналла, кхийолу синмехаллаш а. Нохчаллин дозанал тIех а ца вуьйлуш, мел экаме синхаам буьйцучохь а, барамал сов ца вуьйлуш, даго паргIат ша-шега, адамашка, дуьнене, заманашка дина къамел ду ала мегар дара хIара гулар.

Цуруев Шарипан поэзи – и шен заманан теш хиллачу, цуьнан дика а, вуон а шен сица литтинчу стага, адамашна орцанна тоьхна мохь санна йу. Цуьнан байташкахь, куьзганахь санна, хьуна дика го вай дехачу а, вайна гуш тIехтиллачу а заманийн сакхташ, царна оьшу дарба а.

…Дахаро кхачор бац баланаш,
Нислур дац вай лайнарш, хьегнарш.
Вай меттахIиттор йу гIаланаш,
Вай меттахIиттийча дегнаш.

Бакъволу поэт адамийн синойн дарбанча ву. Адамийн дахаран лазам, чов гайтарца, и лазам, и чов йерзо дарба лоьху цо. ХIокху могIанашкахь вайна дика къаьста поэтан дахаре болу хьежам. Нийса боху цо – дог шен меттехь ца хилахь, гонаха мел деши лепахь а, хьайн дахаран буьззина чам, цунах долу ирс схьаэцалур дац хьоьга. Цундела боху цо, дIадевлларш нислур дац вайга, йа кху дуьненан баланаш а кхачалур дац, амма вайн дегнаш меттахIиттадахь, вайн йохийна гIаланаш а, вайн доьхна дахар а меттахIотталур ду вайга. Нохчийчохь къиза йеъначу замано голатухучохь аьлла ду хIара дешнаш.

Ткъа Даймохк Цуруев Шарипан поэзехь коьрта тема йу аьлла хета. Цо цкъа хьоьсту и, цуьнан дозаллех лаьцна а дуьйцуш *(…Нохчийчоь – къонахийн латта, эвлайаийн беркате хIусам)*, цуьнгара бала, цо лайна харцо дагна Iетт-къаш *(…хьан са Iуьйдуш харцо лаьхьанах, хьан экамчу дегIах хьаьрчина)*, йуха а цуьнан ирсечу дахарх дог а ца дуьллуш *(…и сирла бIаьсте а йер йу хьан бешахь, йоьрзур йу чевнаш а, нагахь хьо тешахь…)*. Кхин ца гIаттал чевнаш йича, кхин цалаззал дегнаш лазийча, цунна, Даймахкана, шен дашца, шен тешамца ницкъ луш, цуьнан кхерчара дIайан гIерта цIе Iалашйеш, шен деган йовхо ца кхоош, дахаран некъашкахь схьавеана аьлла хета поэт, цуьнан Даймахках йолу байташ йешча.

Цуруев Шарипан йерриге а поэзи схьаэцча, цуьнан массех мур билгалбаккхало аьлла хета. Къоналлин шераш-кахь йаздинчу могIанаша цуьнан дахаре болу сатийсам, цунах болу тешам гойту, ткъа тIаьххьарчу ткъе итт шарахь йазйинарш кху дахаран маьIна лоьхуш, эрна болчу сатийсамех дог дIацIандеш, декхарийн мохь тIелацарца къаьсташ йу.

Ткъа оцу массо а муьрех чекхйолу коьрта тема Даймахках хьаьрчинчу баланна сагатдар, цунна орцанна дош лехар, и хьаста, и хасто, и латто гІо дан гІертар. Къаьсттана тІе тидам бахийта лаьа тІаьххьарчу шерашкахь Шарипа йаздинчу могІанашна. МаьІне поэзи ала мегар ду цунах, хІунда аьлча, ша теш а волуш, шена гонаха мел хуьлучу хІуманан маьІна лаха хьожу и. Цу байташна йуккъехь хьахо йогІу «Оьгу гІаш» цІе йолу байт а.

...Хетачу харцоно
Карзах а ца дохуш,
Вахар а йал йолуш
Хила тарло-кха.
Гуш долчу сакхташа
Кхардаме ца дохуш,
Вайн собар – хьекъалан
Бохь санна го-кха.

Цхьаъ бен дац леха хьакъ –
ЦІенчу син паргІато,
Цхьаъ бен дац деха хьакъ –
Цу Деле гечдар.
...Можа гІаш тІеоьгуш,
Зезагийн патаро
Керлачу дахарна
Латта а кечдо...

Хьекъалан бохь собар а гуш, харцоне дог ца эшадойтуш, синпаргІато а лоьхуш, шен гІийлачу сина Деле гечдар дехарал хьалха хІума а ца доккхуш, вахар маьІне го-кх поэтана. Ткъа цхьа дахар кхачалуччохь кхиа долало керланиг… Кху дуьнене ша Іеха ца войтуш, шен са кІелхьардаккхар коьрта а лоруш, шен дин а, шен къам а лардеш, сий бахам болчу нехан поэзи йу хІара.

«Марша Іайла, Нохчийчоь» цІе йолу байт ца бевлла мохк дІатесначийн дог-ойла гойтуш, мухІажарийн илли ду ала

мегар ду. БIешерашкахь вайн къомо лайна бала карлаболу и дешнаш дешча, дуьне ма-дду дIасадаржийнчу вайн къомо лайна гIело дуьхьал а тосуш. Ткъа йуха, шен «Ва хьанна моьттура…» байта тIехь боху цуо:

ХIусамехь йа арахь, лелачохь некъаца,
Хьан хIора воI хилла, лаьтташ хьан дозанехь,
Хьан хIора йоI хилла, ларбеш хьан кхерчан суй…
Цхьайолу тобанаш эхь-бехкан декхарех
Шаьш мукъайуьйлучохь, зарздеш хьан дозалла,
Со а, вист ца хуьлуш, IадIийча мегар дуй?

Нохчийн къомана тIаьххьарчу бIешерашкахь тIехIиттинчу баланех лаьцна йу хIара байт. Iаламат даккхий зиэнаш хилира вайн къомана и баланаш бахьанехь. Амма вай кхоьллинчу Дала йуха дендеш, йуха а даха ницкъ луш, лайна бала бицбеш, диканца хьостуш, сий ца дожош, схьадеана вайн къам. Цунах лаьцна шен «Сий долчу Нохчийчоьне» байта тIехь иштта боху цо:

…Доккхачу дуьненахь кхин ирзу ца къуьйсуш,
Хьан некхехь туш тоьхна массо а ханна,
Хьо кура ларйинарг,
Сий соьмах ца хуьйцуш,
Хьан кIентийн, мехкарийн йу къонахалла…

ХIокху дахаран дуькъачу дахкарлахь некъ лоьхуш санна ду адам лаьтта тIехь, маьIнех дуьзначу хеттаршна жоьпаш лоьхуш. Цунах лаьцна йу цуьнан «Ма леха» цIе йолу байт.

Ма леха, цкъа а ма леха
Дуьненахь хила йиш йоцург,
Цхьанне а крийна доцург
Ма леха, эрна ма леха…

Цахиндолчун мерзачу дийцарца Іеха ца во лирически турпалхочо шен йешархо, мелхуо а дахаран бакъдерг дуьйцу, дагна ондда ницкъ а луш. Кхин дІа боху цуо:

Ахь хьайха къинхетам бехьа –
Къинхетам хьайна ма беха…

Мел дикалла йовзарх, мел адамийн сийдацаралла, вуолла йовзарх а, и дерриге а вайн сица а дехаш дуйла хаьа вайна. Цул тІаьхьа кхета а кхета ша эшо ницкъ кхаьчнарг, шен ойла карайерзийнарг, шен дагна дӀладинарг ницкъ болуш а, тоьлла а, ондда а вуйла. Иштта ву байтан лирически турпалхо а.

ХІара дуьне лаьттар ду хьуна,
Ду моттарх, цхьанне а доцуш.
ХІара дахар хаттар ду хьуна,
Шена жоп каро йиш йоцуш.

Шаьш бен кхин хІун дара, баха
Хьакъболчу, хьакъбоцчу нахах
Дисина дуьне ду хІара…
Ткъа хьо-м… хьо, ала, хІун йара?

Берашна йазйинчу говзарех дерг аьлча, уьш дешархошна ишколехь пайдаэца а, шайна чохь тІекхуьучу тІаьхьенна хьехар, кхетам балар а долуш, аьхначу, атта кхетачу маттаца йазйина йу – туьйранех, къонахех, доттагІаллех, бераллех. Церан тематика а шуьйра йу. Къаьсттина тидам тІебахийта лаьа «ДоттагІий – тешаме бІаьвнаш» цІе йолчу байтана. Вайн халкъан барта кхолларалле хь долчу ширчу дийцаран буха тІехь кхоьллина йу иза. Халкъо бІешерашкахь лардеш схьадеанчу хьекъалан дош берашка дІакхочорехь, цунах кхетам баларехь мехала йу и байт, говза йазйина а йу и.

Цуруев Шарипан поэзи дахаран маьІна деш, деган бовзазчу синхаамашца, синан гІайгІанашца йазйина йу. Цунна

дахаран хаттаршна жоьпаш а карадо, нагахь уьш ца карош дисахь, «маьІне ду маьІна а ца лоьхуш вахар» йа «сан хаттарш жоп доцуш дисина ду», йа «бакъду, со кхетта суо кхетар цахиларх – и муха моттало ширанг керла?» олий, жоп доцучу хаттарийн къаьхьачу бакъдолчунна хьалха соцу цуьнан ойла. И синхаам Шарипан йерриге а поэзих чекхболу, хІордан тулгІе санна, нагахь генна айъалуш, нагахь гІийла, йайн техкаш. Шен «Нохчаллах дош» цІе йолчу байта тІехь иштта боху поэта:

...Хьо милла велахь а,
Хьо миччахь велахь а,
Нохчалла – нохчашна
Стогаллин доза ду.

Бакъду-кх иза, и миччахь велахь а, и милла велахь а, нохчи а хилла, кху дуьнене ша Іеха ца войтуш, эхь-бехк, гІиллакх-оьздангалла, къоман дика цІе ларйеш ваха луучунна нохчалла йу-кх, вайн оьздачу дайша, цІена деши санна, литтина, оьздангаллин а, стогаллин а, къонахаллин а, адамаллин а, бусалбаллин а доза хилла лаьтташ йолу. Цо вай массо а тІе а гулдо, вайн цхьабарт а беш. Шен къоман хиндолчух дог лозучунна беркате, маьІне къамел лара мегар ду хІара поэзи.

Дала беркате йойла-кх Шарипан поэзи. Дала йахайойла-кх и!

Халикова Асет,
Россин йаздархойн союзан декъашхо

МАЬРШАЧУ ОЙЛАНИЙН ХЬИЙЗАЧУ НЕКЪАШКАХЬ

ДоІа

Деха а хьо бен вац, хІай Везан Дела,
Дала а Хьо бен вац, Йа АллахІ Дела,
Тхо Хьуна хьалха дІахІуьттучу дийнахь
ЙуьхькІай тхо хир долчу новкъа нисдехьа!

Къинхетам беха тхайн кхин воцу дела,
Къиношна гечдан Хьан ницкъ болу дела,
Дуьненахь, эхартахь цхьаъ волу Эла,
Тхо хьоьга кхойкхуш ду, Йа АллахІ Дела.

БІешерийн питано дохийна хьийзаш,
ШайтІанан хІиллано бердах чуийзош,
Іазапан къаьхьонаш тхан лан ма дийзи,
Йа АллахІ, Хьан ницкъ бу-кх толийта нийсо.

Нийсонан мукъ лохьа лакхахь болчарна,
Собаран ницкъ лохьа лахахь болчарна,
ГІазотан дарж лохьа тхан эгначарна,
Гечдехьа, Йа АллахІ, тхан беллачарна.

Йа АллахІ, ахь лохьа тхо вовшех дашар,
Ийманехь нисдехьа, дахийта бертахь,
Ларам беш, тІалам беш, ларбайта машар –
Тхан доІа къобалдай, дебийта беркат!

Йа АллахІ, Хьоьгара къинхетам оьшуш,
Хьан миска леш ду-кх тхо, Хьоь орца доьхуш,
Тхан адам бохамах, тІамах лардехьа,
Кху лаьттахь Хьайн низам дІахІоттадехьа!

2019 ш.

Адамна хIун оьшу...

Суна хIун оьшура, хоьтту ахь –
Цхьажимма тийналла.
ГIовгIанийн дукхалло
Ма кхоа ца до сан лерса...
И беттан буьйсанаш оьшура
Цу маьлхан дийнал а,
Лаьара-кх сайн сица цхьа виса,
Сайн даг чу верза.

Вай хийла Iехадо,
Вай гIийла делхадо дахаро,
Кепекан мах боцург
Хоьтуьйтуш дуьненан меха.
Дегнашна тем ца бо
«Дуьненна дерг – ловзар» бахаро.
БIарзделла деха вай,
Моьттачийн йийсарехь деха.

Ма сиха йоьду хан,
Ма сиха хийцало бIаьсте, Iа.
Со кхоьру сайн сина
Оллале хIоттарна гIайгIа...
Цкъа а кхин гур доцчу
Кху маьлхан дуьненах къастале,
Со везнарш, гергарнаш
Реза бан лаьара-кх сайна.

ХIун оьшу адамна?
Цхьа наггахь дицдалар дерриге –
Дан дезарш йа декхарш –

Эзарнаш, чекхдовлуш доцурш...
Оьшура, цхьа масех мукъане
волийла леррина
Шен хьал-де хоттуш верг,
Баккъал а шен бала кхочуш...

Эсаран мох хьоькху,
Диттийн гІаш лестадеш эсала...
Гуьйренан мукъамо
Далхадо адамна дезарг:
Дуьне хьайн делахь а,
Ма декъаз ву-кх хьо, вайн десара,
Дахарехь **цхьа** виснехь,
Ца карош адамийн безам...

2020 ш.

Вайн дайша баьхна...

Вайн дайша баьхна,
Хьо милла хиларх,
Дац хьуна бахьна
Адам ца хила.

Йац хьуна бакъо
Хьан вала акха,
Хьо санна, адмаш
Дакъаз а даха.

Бакъо йац хьуна
Нахах ца ваша,
Уьш мацбеш, церан
Рицкъан тIехь важа.

Бехке хьо вийр вац,
Ца хиларх онда...
Амма ницкъ хилча,
Ма вийла сонта.

Тарлур ду хьуна,
Ца хиларх майра,
Ма йоссайехьа
Адаме гIайгIа.

Хьо милла хиларх –
Къу-стаг йа молла –
Йу хьуна къилахь
Хьан харцо, волла.

Хьо лардеш хиларх
Марханаш, ламаз,

Ма дита гIиллакх,
Ма дита ламаст.

Хьаьжи цIа вахарх,
Хаалда хьуна,
Вайн Делах йиш йац
Къинош дIахьулдан.

Эхь хиларх, йиш йу
Хьан хила сутар,
Амма ма хила
БIаьрмециг гуттар.

Ахь деш дерг делахь
Харцонца доьзна,
Ма баха, иштта
Кхобу хьайн доьзал.

Хьайн доьзал доьза
Байна хьо виса-кх,
Хьарам бен доцуш,
Велахь хьо рицкъа.

Дуьнен чохь дукха-м
Ду лардан декхарш,
Ца лардахь, деза
Эхартахь текха.

Далла бу хастам,
И Делан сацам
Буохо стаг воцуш,
Хийца йиш йоцуш.

2017 ш.

Ва хьанна хаьара, Нохчийчоь...

Ва хьанна хаьара, ва хьанна моьттура,
Цу лаьмнийн баххьашкахь кура тІам биттинарг
Цу Іаннийн баххашкахь декъаза текхар дуй...
Хьан сийх а, хьан цІийх а ас хьоьга хоьттура,
Жоп доцуш дисича, ас хьоь мел хиттинарш,
Со вист а ца хуьлуш, ІадІийча мегар дуй?

Дешан дай боццушехь, дош деза кхайкхадеш,
Де деъча, ца туьгуш эхь хетта къарбала,
Хьан цІарах эзарза биъна берш къера дуй, –
Сайн даг чохь сайца йеш хьох мел йен
гІайгІанаш,
Кхардамах ларвала, царах ца тарвала,
Со вист а ца хуьлуш, ІадІийча мегар дуй?

ХІусамехь йа арахь, лелачохь некъаца,
Хьан хІора воІ хилла, лаьтташ хьан дозанехь,
Хьан хІора йоІ хилла, ларбеш хьан кхерчан суй...
Цхьайолу тобанаш эхь-бехкан декхарех
Шаьш мукъайуьйлучохь, зарздеш хьан дозалла,
Со вист а ца хуьлуш, ІадІийча мегар дуй?

2012 ш.

Ло дуьллу…

Цхьа хила луучу диканах сан тешам кхолларца,
Цхьа довза тарлучу зовкхан сурт геннара хIиттош,
Можачу,
чаьмзачу,
цIийзачу
гуьйрено кхоамза
Сан хьаьшна,
човхийна,
лазийна ойланаш гIиттош,

Ло дуьллу... цхьа аьхна, эсала, месала....
Ло дуьллу,
Вайн лаьттан мокхалла,
Адамийн мекхалла
хьулйеш...
ЦIеналло,
Серлоно,
Хазалло хIоранна гуо буьллуш,
Ло дуьллу, ша вайна там лоьхуш санна,
ма-хуьллу...

КIелхьаравоккхуш
со гIулч йаккха тарлучохь кхардаме,
Со ларвеш, ницкъ белла,
висинчохь со хаьдда хир а,
Син кIоргехь мел йолчу чевнашна
цхьа башха дарбане,
ХьогIан лар йайина, безамна беркате хилла,

Ло дуьллу...

Лайн чимийн гуо хьийзор кху Іаьннан илли ду!
Ло дуьллу...
массарна цхьатерра эсала, аьхна...
Ло дуьллу...
Ва гІоза дилла хьо,
Диканна дилла хьо
Іазапаш хьегначу,
нийсонах хьаьгначу лаьтта!

2017 ш.



Дуьненах...

Нийсаройн могIанаш зарзбала боьлча,
Жималлин уьйрех хьо хервала воьлча,
Безаман марзонийн чам талха боьлча,
Ма девзар хилла хьо, малх кхета дуьне.

Дерриг хьо шен дуьхьа кхоьллина хеташ,
Ирс дайна виса йиш хиларх ца кхеташ,
Даг чохь а, йуьхь тIехь а самукъа лепаш,
Хьох тешнарг ма Iехор хилла ахь, дуьне!

Бераллехь дуьйна а сов хаза лаьрра,
Ма ирча къаьрзи хьо, дех-ненах ваьлча,
Ма маьттаздели хьо, безачех хаьдча...
Ма мах ца хилла хьан, хIай, йамарт дуьне.

Со-м жимчохь ца хууш ца хилла, дера,
ХIумма а дуьнен чохь даим ца дехий,
Воккха стаг кхуьий а жимачу берах,
Марздаларх, хьо дуьне, цкъа къаста дезий.

Амма кху кепара шалхо хьан йуьйла,
Ша мел дерг минотехь талхо йиш йуьйла,
Ахь иштта ластавой веънарг хьайн буйна,
Моьттина-м дацара, хIай, къиза дуьне!

Цхьа синтем бу дагна: хадале дахар,
Хьо довзар – кхин хьоьга ца вайта Iеха.
Ийманехь нисдар сайн дуьненах къастар –
Вайн Деле и даим хир ду сан дехар.

Марша Іайла, Нохчийчоь
(илли)

Марша Іайла, сан дайх бисна мохк,
Марша Іайла сан са дисна мохк.
Мел ца лууш, хала къаьста хьох,
Ас тІаьххьара муха хьаста хьо?

Ас, хІун аьлла, са тедийр ду хьан?
Ас, хІун аьлла, дог оьцур ду хьан?
Хьан са Іуьйдуш, харцо лаьхьанах,
Хьан экамчу дегІах хьаьрчина.

Хьо тахана ларбан боцуш ницкъ,
Бисна кІентий, бисна гІорасиз.
Гена махка тхо дІадоьлхуш ду,
Дегнаш доьлхуш дац тхан, лелхаш ду...

Марша Іайла, нана-Нохчийчоь,
Синтем байна, сатуьйсур ду хьоь.
Сатуьйсур ду тхаьш цІакхачаре,
Маьрша дахар вайна хІоттаре.

Марша Іайла, сан дайх бисна мохк,
Марша Іайла, сан са дисна мохк.
Мел ца лууш, хала къаьста хьох,
Ас тІаьххьара муха хьаста хьо?

1999 ш.

Пуьтийн дуьне

Лежиг – хара, лежиг – барам
КIезиг-дукха хIумнаш лара.
БIешерашкахь ихна зама
Пуьтийн барам гайтархьама
Лежиг долуш... (и бен доцуш!)
Иза тоьуш долуш кхоччуш.

Машар болуш йа цIий Iенаш –
Тайп-тайпана ихна хенаш.
Кху дуьнен чохь харцо дебна...
Лежиг хIинца гат ма делла,
Дуьнен тIехь мел болу пуьташ
Чу ца хоьуш цунна, буьсуш.

Дерриг дуьне хилла маьрша,
Пуьтийн хуталш дIасайаьржи,
Кхин дац пуьтийн лежиг... Цунах
Хилла хIинца пуьтийн дуьне.

Дуьне – хара, дуьне – барам,
Вайн заманан пуьташ лара.

* * *

ХIай, зама, йоьду хьо сихачу боларехь,
Къинхетам ца бевзаш нуьцкъалниг толарехь...
Дистинчу хиэ санна, текхайеш чалхаш,
Дукхачу хьелашкахь нийсаниг талхош.

Хьан болар сацо са цхьаммо ца тийсина,
И лагIдан ва гIерташ эрна ца къийсина,
Делахь а лаьара, хIай, буьрса зама,
Цхьажимма ахь хийца боларан амал.

Ийманца кхиъначу цIеначу нигатца
Хьо хийца тарлора адамо диканца.
«Адамаш нисделча – нислуш йу зама», –
Вайн дайша дийцинарг дезар-кха Iама...

Харц-бакъ ца къаьсташ
хьан гIуллакхийн дукхаллехь,
Ахь гойтурш тIелаца сан дагна ду хала.
Хьо хIинца ма-йарра суна ца йеза,
Хьо нислур йацахь кхин, со теш ма леца...

Дуьненан олалле хIоьттина шалхалла,
Динах са йоккхачу мозгIарийн «шайхалла»,
Сан дагна Iеткъа уьш, дагна ца деза...
Зама, хьо, нис ца лахь, со теш ма леца.

Цхьана йаздархочуьнга

Йуха а йазйели буьйсанан цхьалла,
Де долуш, хьан эрна идаро кхаьбна.
И буьйса, и де а дIагIур ду цхьанхьа,
Чулацам боцучу хьан дахарх Iаьбна.

Йуха а дан деза диначун жамIаш,
ЭгIазе хиларна йуьхькIоме доцуш.
Делахь а цхьа геннахь, сатийсар кIамдеш,
Къонахчун цIе хир йу, хьан цIарца йоцуш.

Йуха а хьоьгур ву, дай дагалоцуш,
Баьхна берш,
сий лоруш стигланийн Iаьршехь...
Йуха а воьлхур ву, синхьаам боцуш...
Ткъа дахар дIадовш ду, хьо иштта Iаьшшехь.

Аьттонийн макъарх йа къонахчун даржах
Цхьаъ къасто — и бара-кх кхолламан харжам.
Заманан цкъа чолхе даьллачу дарцах
Къематде тарделла, йайи ахь маршо.

Жимвелла, жимвелла хьо, сица хебаш,
Дицдина дайн сийнош,
лаьттарш хьоь хьуьйсуш,
Эгначийн, сий лардеш довха цIий Iеношш,
Эгначийн, кху лаьттахь харцонца къуьйсуш.

Йуха а йазйели буьйсанан цхьалла...
Эхь-бехк, сий ... ахь уьйр дIахадийна цаьрца.
Шеквийла ца оьшу — хир ду хьан хьал а
Ахь хьайна хаьржинчу тодакхан цIарца.

* * *

Лало дика, лало вуон,
Лало догIа, лало луо,
Богу малх а ла ма ло.
Уьш мел хала хиларх вайна,
ТIедеъна дерг вац ца лайнарг –
Дахаро вай Iамадо.

Дуьненна дерг ловзар ду,
ЙухькIам бийриг собар ду –
Дера хаа-м хууш ву,
Амма лан ма хала ду
Шалха йаххьаш йолчу нехан
Пайда боцу хабарш деха.

Хетачеран бакъдерг кIуон
Денна шорлуш лаьтта гуо.
Хаац, айса дуьйцу стенна,
Эрна хиларх кхета со,
Амма соьга ла ца ло
Боьрша болчу нехан стелла.

2000 ш.

Йоьхна зама

Ша-ша ду-кха хIинца хIора шо,
Цхьа гIелйелла шерийн хилла уьйраш.
ТIедеанчо дахнарг аьшнаш до,
Ткъа дIадахнарш хьерчаш, хилла уьйриг.

Вай къайленийн бухе кхочур дац,
Хетарш дийцарх, вайн хьекъале хьаьжна:
ХIара зама-м шерийн кочар дац,
Къепе йоцуш, кегаре и йаьлла.

Шеран лорах додац хIинца шо,
Керла, акха дохку цара некъаш.
Вайн ойланехь гул уьш ца дало,
Мелхуо цара вайн ойланаш йекъна...

Хан йац хенах кхета, Iама нах...
Йоьхна шераш вовшах доьзна зIе а.
Кескаш хилла дахарх, заманах –
Адмийн синойх кескаш хилла дела.

2012 ш.

Сийлахь нохчалла
(илли)

Гуьйре йогIу-те? ГIайгIа кхочу-те?
ГIийла теш хилла, дерриг дуьсу-те?
Нохчийн дозалла – сийлахь нохчалла,
Йеза цIе хилла, хьанна йуьсу-те?

Дедайн доьналло луьрра ларйина,
Нанойн оьздалло кхаьбна йара хьо.
Къоман лард хилла, сирла лар йитна,
Сийлахь нохчалла, йаьхна йара хьо.

Зама ца тайна,
Орам хеди-те?
Амал ца лайна,
Генаш кхеди-те?

Даге ца лало
Йаййеш базаро,
Хьан меха лара
Дуьне а дацара-кх.

Керчарх заманаш, хьерчарх баланаш,
Йахьца, гIиллакхца ларйан ларабеш,
ЦIийца лардеш сий, хьандеш ламанаш,
ВорхIе дайша схьайеъна, тIалам беш.

Тешам гIелбелча, толам хербелла,
Цхьабарт боьхначохь эшам денбелла.
Йамарт болчарна хуьлуш хIуьттуре,
Нохчийн Даймахкахь кIентий гIуьттур бу!

Хьо-м тхан син сий дай,
Дуьне доьхча а.
Хьо-м тхан сил-сил йай,
Сийлахь нохчалла!

Теша, хьан цIен тIе
Тезет кхочур дац –
Ларйан бу кIентий,
Сийлахь Нохчалла!

2008 ш.

БIешерийн кийрара аз

(илли)

Заманан баланаш сайн сина баларна баз,
Цу лаьмнийн баххьашкахь, тем лоьхуш,
ладоьгIу ас.
Цу хьаннийн хотешкахь сапаргIат доккхучохь ас,
БIешерийн кийрара сан лерехь декаш ду аз...

Сан лерехь схьахеза аз –
БIешерийн кийрара аз.

И бIаьвнаш вайн дайша доьналлех йоьттина йу.
И лаьмнаш къонахийн хьуьнарх цецдийлина ду.
Уггаре дезаниг лаьмнашкахь лерина сий,
Йамартчу мостагIийн бекхамца Iенийна цIий.

Лаьмнашкахь лардина сий,
Лаьмнашкахь лардина сий,

Турпалчу дайн синош тIехула хьийзачохь – аз,
Кху лам чохь наьрт-аьрстхойн
IиндагIаш кхерстачохь – аз,
Лаьмнийн кIант волчунна,
дайшкара кост санна – аз...
БIешерийн кийрара сан лерехь декаш ду аз,

БIешерийн кийрара аз:
– Ларделаш Маршонан аз!

2002 ш.

Нана
(илли)

ДІа ма гІо, нана, доьху хьоьга аса, дІа ма гІо...
Хьо ма сиха къежйо, тишйо дахаро.
ХІора денна генайуьйлу, сан дог Іийжош,
нана, хьо.
Со хІара дуьне оьшуш вац, йоцуш хьо.

Нана, нана, кху дуьненахь хьол а мерза хІума дац,
Хьуна хьалха со сайн декхар текхна
цкъа а вер ма вац,
Нана, нана, доьху хьоьга, суна дукха йахалахь...
Вижа лахьта дац, ма боху,
хьо къинтІера ца йалахь.

ГІелйелла... Лела халла синош дохуш тахна хьо,
ДІа ма йели жимчохьлера хаза хан.
Хьо къанлур йац моьттуш цкъа а
со ма лелла дахарехь,
Ма гІохьа дІа, сох къаьстина, нана, хьо.

Хьох хервина, лела со дІавигна къизчу замано.
Нана, нана, гена махкахь со ларво хьан безамо.
Хьоме нана, хІун де аса хьан дог хьаста, алахьа,
Вижа лахьта дац, ма боху,
хьо къинтера ца йалахь.

2002 ш.

Нохчийн маттах

БIешерийн кийрара
Дайшкара схьабеъна,
Дохийча, къа хьаьрча
Дайн весет санна,
Хьо ларбан тIаьхьешна
Йахь йолу нах беза
Дуьнен чохь йоккхучу
Массо а ханна.

Нохчийн мотт – вайн къоман
Са деха меттамотт,
Бицбича – иэхье ду,
Бийцича – сийлахь ду.

Шайн пусар доцчарна
Хетар бу совнах хьо,
Хьан хIора дайна дош
Ду хьуна чевне.
Нохчийн мотт, хьо тхуна
Делера совгIат ду,
Бехийла хьо маьрша,
Бекийла зевне.

Нохчийн мотт – вайн къоман
Са деха меттамотт,
Бицбича – иэхье ду,
Бийцича – сийлахь ду.

Кхетамца айп дацахь,
Ца лоьхуш бахьанаш,

Заманаш дIайовларх,
Гонах дерг хуьйцуш,
ВорхIе дайх бисна хьо
ВорхIе а тIаьхьенна
Нохчаша ларбийр бу,
Хьо оьзда буьйцуш.

Нохчийн мотт – вайн къоман
Са деха меттамотт,
Бицбича – иэхье ду,
Бийцича – сийлахь ду.

2013 ш.

Нохчийн мотт

Акха йар санна, и ца баьлла бацалахь,
Боьжна бац стиглара, эцна бац базарахь,
Цхьаьнггара йухалург баькккхина бацара –
Кхоьллина хилла и вай дайшна азаллехь.

Ас лору дуьнен чохь мел долу меттанаш,
Нохчийн мотт – гуттар а сан оьзда дозалла.
Іожаллин цамгаро дІалаьцна, меттахь Іаш,
Цу маттахь дийр ду ас весет а доьзале.

Цу маттахь нанас со дуьххьара хьаьстина,
Цу маттахь некъан дош дадас а кхайкхийна.
Цу матто – уггаре гергарчу сан сина –
Со генахь цхьа висча, дог-ойла айъина.

1984 ш.

* * *

Сов хилахь йа тIе ца кхачахь,
Ирча-товш йа хьанал-хьарам –
Цхьа зил, цхьа дуткъа сиз-тача –
Дерриге къасторан барам...

Болуш бу, вай хIуъа бахарх,
Дерриге къасторан барам,
И вайна ца лаарх лара...
Ткъа лаьий цунна вай лара?

Дерриге къасторан барам,
Ца бевза, ца лаьа бовза.
Цундела, мах боцург мIарал
Сийлахьдеш, сурт кхуллу говза.

Майралла вай йуьйцу майрра,
Сан цунах шеко йу ондда! –
Цкъа а ша кхерам ца лайнарг
Iовдал ву йа экха сонта.

Нохчийчоь, къинтIера йала
Сан къа ду-кх кIиллочун хеттарш,
Делахь а ма-дарра ала
(Со ву хьо йезначу кIентех,
Йохьанна ваьллаверг ара)
Лардала йиш хилча, хьанна
Оьшу, со велла, хьо йиса,
Кхин вониг – хьо йелла, со виса?

1992 ш.

Барзин* Іожалла

Хьо сийсара мичахь вара, Барза?
Хьо тховса а мичахь хир ву, Барза?
Алахь, Барза, мичахь хир ву кхана? –
Хьоьга кхойкхуш, йоьлхуш йу хьан нана.

БІаьргаш лечкъош, лаьттан бІаьра хьаьжна,
Шен гІайгІанах шад а бина хьаьж тІехь,
Бехке хеташ адам меттаххьадан,
ВогІавелла лаьтта къена дада.

Хьо сийсара мичахь вара, Барза?
Хьо тховса а мичахь хир ву, Барза? –
Дуьне дуззал бала кийра эцна,
Хьуна йелха йиси дагна йезнарг.

Хьо ца гуш а, ца хезаш хьан йиш а,
Са бІарзделла хьийза хьан цхьа йиша.
И схьадогІу Яьсси санна, гІийла,
Нана-Нохчийчоь а хьуна тийжа.

Йеха оьмар йоьгІна-кха хьан сина –
Хьан са мукъамашка дІадирзина,
Амма вац хьо, вац хьо тховса, Барза!
Хьо сийсара мичахь вара, Барза?

1983 ш.

* Гезлойн-эвлара Эзерханов Барза – Советан Іедал тІедале Къилбаседа Кавказехь цІейаххана вевзаш хилла волу нохчийн пондарча, дуккха а мукъамийн автор. Барзин жимахволу ваша нохчех радио чухула дуьххьара пондар лекхнарг ву, олу наха. Барзин эшарш Димаев Іумара а локхура, цо ша олуш ма-хиллара. Цхьайерш наха хІинца а локхуш йу.

Гадаев Мохьмад-Селахьна

Ирсе ву муьлхха стаг, нагахь шен лаьттахь и
Дика де хIоьттича – да иза хиллехь,
Доьхна де хIоьттича – кIант иза хиллехь,
Ирсе ву, ирсе ву, и мацца ваьхнехь а.

Дуьхьала хьекхарх мох, дуьхьала беттарх кIур,
Хьо ваьхна, и дерриг зовкхах тардина.
Хьох малх ца хиллехь а сирлачу дийнахь,
Iаьржачу буьйсанна-м хилла хьох беттан нур.

1983 ш.

* * *

ДIадахнарш ас дагалоьцу,
Х1ай, латта, ас йо хьан ойла.
ХIун дисна ца хуьлуш хьоьца?
Ткъа синтем хиллий хьан гойла!

Сан латта маьркIажехь тийча,
Шарйо ас ка шога берчаш.
Йалтин кан хьекъа, хIу дийча,
Ткъа гIовттац хьан эгна бераш.

Уьш ахьа хьайн кийрахь къуьйлу,
Мотт буьллий упханан гIовлех.
Цецвуьйлу, латта, цецвуьйлу:
И дерриг ахь муха лов-те?

Цецвуьйлу: хьо муха лаьтта?
Са детта муха ницкъ кхочу?
Ма дика ду-кха, хIай латта,
Адмийн дог хьан кийрахь доцу.

1983 ш.

* * *

ХIумма а дац, хIумма а дац,
Нохчийчоь шиъ ма йу...
Нохчийчоь шиъ ма йу –
Цхьаъ йу ша йолуш йерг,
Важа сан даг чохь йерг.
ХIумма а дац, хIумма а дац
Цу шинна йуккъехь
Башхалла йелахь а –
И мухха делахь а,
И ший а цхьаъ ма йу:
Гонах йерг – Нохчийчоь,
Даг чохь йерг – Нохчийчоь.

И мухха делахь а,
И ший а сан ма йу.
Со мухха велахь а,
Шиннен а со ма ву.

ХIумма а дац, хIумма а дац,
Со валарх, висарх а –
Со саннарш дукха бу,
Нохчийчоь цхьаъ бен йац.
Со велча, соьца и
Нохчийчоь цхьаъ бен лац.
Гонах йерг лахь, тIаккха
Лийр йу сан даг чохь а...

Цундела боху ас,
Дуккха а заманна
Сайл тIаьхьа хьо йуьтуш,
ДIакхалха ирс делахь,

ХIумма а дац, хIумма а дац,
Валарх а, висарх а –
Цундела доьху ас:
Нохчийчоь, йисалахь,
Духарш хьайн хийцахь а,
Амат ма хийцалахь,
Хьайн бос ма хийцалахь,
Доьху ас, кхуьйлу ас –
Йисалахь, Нохчийчоь.

1991 ш.

Нохчийчоьне

БIарзвелла, лоьху ас некъаш,
Ткъа некъаш ца карадо.
Дагна сел гергара хеташ,
Ма генахь хилла-кха хьо.

Моьттий, некъ карийна эххар,
Цкъацкъа дог ирс ган кечло.
Амма, мел гена дIаэхарх,
Хьуна тIе ца кхачало.

Со хьегош, лаам ца лоруш,
Хервина хьох замано.
ДIайаха хьо новкъа йолуш,
Дуьнен чу ваьлла-те со?

Суна-м хьан букъ бен ца гина,
Сох уьдуш, ахь болар до.
Ванах, сан декъазчу сина
Хьанал ца хилла-те хьо?

1993 ш.

ТIаьххьара нохчий...
(илли)

Iодика йойла шун, тIаьххьара нохчий,
Шу дIагIуш, шун лорах леррина хьоьжу со,
Шуьца ван ирс доцуш висарна вогу со,
Iодика йойла шун, тIаьххьара нохчий.

Iодика йойла шун, Iодика йойла,
Нохчаллин аматаш тIаьххьара лелийнарш,
Къонахийн амалш а шайн цIийца ийнаберш –
Кхин хир дац дуьнен чохь суна шу гойла.

И хIунда лечкъадо: шу эшнадевли,
Шу оьзда мел хили – кIиллойн ка йели.
ТIаьххьара нохчий, шун иэшамехь хилла а,
Со шуьца хилийтар доьху ас Деле.

Iодика йойла шун, Iодика йойла!
ШайтIано хIитточу суьртех а Iехалуш,
Аш кху харц дуьнен чохь нийсо ма лехалаш –
Эхартахь хир йу шун и нийсо гойла.

«Дезачарна» дуьсийла хIара къена дуьне,
И «дуурш» кхочур бац хиллачун дуьхе...
Шу-м дарий шек доцуш, тайча йа доьхча,
Дуьненах ца даьшна тIаьххьара нохчий.

Iодика йойла шун, Iодика йойла...
Йо Дела! Ма цIармат сурт хуьлу гонаха,
ДIабоьлхуш тIаьххьара йахь йолу къонахий...
Доьхначу кху дийнахь йоьхна сан ойла...

1993 ш.

* * *

(илли)

Ма леха, цкъа а ма леха
Дуьненахь хила йиш йоцург,
Цхьанне а карийна доцург
Ма леха, эрна ма леха.

Цхьаьнгге хьайх кхета, ма баха,
Хьо кхетар ца хилча нахах.
Ахь хьайха къинхетам бехьа –
Къинхетам хьайна ма беха.

ХIара дуьне лаьттар ду хьуна,
Ду моттарх, цхьаннен а доцуш.
ХIара дахар хаттар ду хьуна,
Шена жоп каро йиш йоцуш.

Шаьш биен, кхин хIун дара, баха
Хьакъбоцчу, хьакъболчу нахах
Дисина дуьне ду хIара...
Ткъа хьо-м... хьо, ала, хIун йара?

Эрна йорт йиттина "кIар-кIар",
Сатийсам багаро къиза
Тоьхнарг цкъа бертал, цкъа аркъал...
«Цхьа пелхьо» – хьан цIе йу иза.

Хьуо цхьаннах тарвелла, мунда,
Синтемаш дIакъехко йоьгIна...
Ца хууш, ткъа тIаккха хIунда
Оццул цIе хьайн даг чохь йогу?

1993 ш.

Вайзаманхочуьнга

Ла хала йу хьуна
Кху гIалин хIусамаш,
Тем боцчохь тем лоьху
И денош, буьйсанаш.

Ла хала ду хьуна
Цу кIиллойн дар-дацар,
Ла хала ду хьуна
Несаршха мотт кхабар.

ЦIий самадаьллачу,
Амал са аьрхачу
Хьан куьйго сагатдо
Цу шаьлтан макъарна,
Хьан бIаьрго сагатдо
Мажар топ ва леца.

Да вала, да вала...
Цу элан Мусоста
ТIехь йоцу ва йасакх
Йоьхуш йу, ва аьлла,
Хьан нене хьо веха
Баккхий нах белара,
Вехча – хьо дIаваллал
Хьан нана йелара...

Ткъа нанас дIавелча,
БIо къажор ва доцуш,
Цу эла Мусостан
Тойнах тезет ва дина,

И жима кIайн нускал
Хьайн керта хьийзийттал,
Хьо къонах велара,
Да виса хьан делаI!

1994 ш.

* * *

Мох сецча, мох бац и,
Сецна мох – белла мох,
Цундела уьду и,
Цундела цIийза мохь
Гуттар а идарехь,
Оьмаран йохаллехь.

Ткъа суна-м моьттура,
Ткъа аса-м бохура,
Мехаш ду массарел
Дуьненахь маьршанаш,
Йиш йолуш дIаида,
Аренца даьржина.

Уьш-м уьдуш хиллера,
БIарзделла, кхетамза,
Уьш-м уьдуш хиллера,
Са идош декъаза.

Дош дуй-ткъа дезарийн
Йийсарехь дахар а?
Дош дуй-ткъа, дахаран
Лай хилла, вахар а?

Дуьненан дезарша
Маршонах ва даьхна,
Вай кIентий ма деца
Галдевлла некъаца.

Вай дайша къийсина,
Йаккханза йисина,

Вай маца йоккхур-те
ГIизлара и гIала?

ГIали чохь йу, бохур-кх,
ВорхI вешин и йиша,
Йаьккхинчун йу, бохур-кх,
ВорхI вешин и йиша.

1994 ш.

Мунданаш

Массо а цецваьлла,
Жоп доцу хеттарш деш:
«Цара хIун леладо?
Совцалац хIунда уьш?»
Дицдина шайн декхарш,
Битна шайн меттигаш,
ДIайуьйлайелла-кха
Мунданаш, мунданаш...

Хасстоьмаш, стоьмаш а
Кхиийта хьийкъина,
Уьш йугIуш, къийгаш
ДIакъехко дог дахара...
Ткъа хIинца лелош,
Ца лелийнарг къийгаша,
Ма бале йевлла-кха
Мунданаш нахана...

ДIауьдуш – схьауьдуш,
Хасстоьмийн могIанаш,
IуьнцIалгаш бахарна
МаргIала доьлла-кха.
Кертана доьгIна и
Нуьцкъала богIамаш
Кегдарна, дерриге
Дозанаш доьхна-кха.

Нахана ца хаьа
Шаьш хIун дан деза а,
ЦIа кхайкхо ца тарло
Йум йинчу къийгашка.

Эхь доццу цаьргахь а
Адамийн безам бац –
Диц ца ло, зIок йетташ,
Тоххара хьийзор шаьш...

Вала а, вола а
Меттиг ца битина, –
Мунданаш денйелла,
Ги хуьйшу, тIелета...
Беш хIаллак йи цара,
ГIожмаш а йиттина....
Дехарш дарх ца кхета,
Йа эхь а ца хета...

ХIун йогIа йеза-те
Мунданаш къахкийта?
ХIун дарба ду-теша
Уьш метта йахкийта?
ХIун дара-кх кхечанхьа
Карийча мукъа беш?
Ткъа Iийр йуьй, цига а
Ца йогIуш, мунданаш?

Массо а холчохь ву
Жоп доцу хеттарш деш:
«Цара хIун леладо?
Совцалац хIунда уьш?»
Дицдина шайн декхарш,
Битна шайн меттигаш,
ДIайуьйлайелла-кха
Мунданаш, мунданаш...

1991-92 шш.

* * *

Цхьа накъост ву-кха сан, и соьца дуьнен чу ваьлла,
Кхано со дIаволуш, ша соьца дIавер ву аьлла.
Со мичча водарх а, иза со ваххан чу воьду,
Ас хIуъа лелорх а, оьгIазгIой, дIа а ца воьду.

Со цхьана минотехь шен мараволлар бен, цунна
Оьшуш дац, ма боху,
дуьнен чохь даккхийчех хIума.
Суначул чIогIа а деза, бах, цунна сан дахар,
Даима сан гIопехъ вижна ву боху и наха.

Иштта ву-кх сан накъост – Iожалла...
Ца хаьа суна-м
ХIун хир ду дуьнен чохь адамна тешаме цул а.

1986 ш.

* * *

Ма йелхахьа, нана,
Ма тийжахьа, нана,
Къинош долчу кIентан
Дог карзах ма даха.
И хьан бIаьрхиш дийллал
Меха вац со, нана,
И хьан бIаьрхиш мийллал,
Латта хьогах дац-кха.

Мацах цхьана жайнахь
Вуьйцу бохург санна,
Эрна йорт йиттина,
Со цIа веъна хIинца.
Букъ тIехь дечиг даккхарх
ХIора дийнахь сарралц,
Вайн цIахь гIолий хиллий
Суна хиъна хIинца.

Кху вайн тишчу кертал,
Кху вайн жимчу цIийнал,
Кху дуьнен чохь дехаш
ХIума хила йиш йац.
Ма йелхахьа, нана,
Со ма ву хьан цIийрах*,
Суна-м ла ца лой и,
Хьо гича бIаьрхишца.

Нана лоруш воцург
Дунен чу ма вала,
Амма, ваьллехь — вайла,

* ЦIийрах (диалект) – цIийх.

Некъ ца карош цIен тIе!
Ма йелхахьа, нана,
Ма тийжахьа, нана,
Ахь дог лазадоху
Къинош долчу кIентан.

1985 ш.

* * *

Ахь далха ма делахь дагара, накъост, –
ДІайевлла и хенаш
хетачул гена.
Къобалде кхолламо къастийна дакъа –
ХІара-м дерриг дІадер дай, тарделла гІенах.

Ахь далха ма делахь дагара, накъост, –
Хьох кхета, ладогІа лууш вац цхьа а.
Хьо хІунда гІерта хьайн мискаллех кхардо?
Декъаза хьан хабарш оьшуш ду хьанна?

Хьан ирс хьан даг чохь бен лепар дац нуьрах,
Хьуо висча, хьан къина дог хьайниг тийжа.
Цундела гІолехь ду, вист а ца хуьлуш,
ДІо диттах, дІо тІулгах тарвелла Іийча.

Вай кхачош, вайн дахарх деш кегий дакъош,
Хуьлуш ду хуьлуш дерг, – вай цуьнан керахь.
Ахь далха ма делахь дагара, накъост! –
ДІайевлла хилла а йоцу и хенаш.

1991 ш.

* * *

Лаамаш эшийнарг маьрша ву,
Лаамаш – буржалш ду болатан.
Лаамаш – и беккъа Іаьржа кІур,
Сих хьерча лаьхьанан боларехь.

Декъазниг, лоций шен йийсаре,
Вай а во, лай а во лаамо.
Лаамца воллург а къийсамехь
Кху лаьттахь ирсе ца ларало.

1999 ш.



* * *

Сан хIинца ала дешнаш дисна дац,
Сан хIинца бийца Даймохк бисна бац.
Гонаха цунна – харцо. Цунна чохь
Зуламо шовкъе бугIу букар бохь.

Сайн махкахь, махках ваьлла, висна со,
Сайн махкахь Даймохк боцуш висна со.
Ас, бIаьрзе хилла, Даймохк лоьху сайн –
Сан Даймохк цхьанне гирий шуна, хIай!?

2000 ш.

* * *

Тешалахь, сан Даймохк, тахана тешалахь –
Йоцачу ханна хьо бисина иэшамехь.
Халонаш, баланаш ахь дукха лайна,
Делахь а хьан хиндерг, хьан ирс ца дайна.

Тешалахь, сан Даймохк,
хьайн кIентех, мехкарех –
Уьш къила бахана боцучу бехкана.
И сирла бIаьсте а йер йу хьан бешахь,
Йоьрзур йу чевнаш а, нагахь хьо тешахь.

Хьо байлахь ца бисна, сан Даймохк, тешалахь,
Хьо безаш беллачийн безамна, тешалахь.
Цу Везчу Делехь ду хьан рицкъа, ницкъ а,
Зуламхой ларор бац хьан Сийца, Сица.

2000 ш.

Хьенехний, минехний

Ца оьшу шу даха берта,
Ца оьшу шу бертахь даха.
Ша йоцург и хила гІертахь,
Хьо воцург хьоь хила бахахь.

Чолхе ду дахаран некъаш,
Цкъа шера, цкъа голатухуш.
Дуьнен тІехь вайх хиларх пекъарш,
Вайна тІехь дуьне дац духуш.

Іадхьокху пондар а хилла,
ЦІийзар ца сацадо гІопо...
Вай даха, ву, хьуна, кІилло
Цкъа а ца кхачориг собар.

Дуьнен тІехь эзарза гина,
Ду иза адамо зийна:
Собаро къонах а вина,
Собаро къонах а вийна.

2009 ш.

* * *

Вайн иэхь-бехк, вайн сийлахь гIиллакхаш,
Вайн йахь а, вайн оьзда мотт а
Ларбеллехь, ларлур ма хилла-кха
Вайн синош, вайн нохчийн мохк а.

Цундела, ца хьехош хилларш а,
Йукъ йехкий, массо дIахIотта
Iалашдан вайн нохчийн гIиллакхаш,
Iалашбан вайн нохчийн мотт а.

Дахаро кхачор бац баланаш,
Нислур дац вай лайнарш, хьегнарш.
Вай меттахIиттор йу гIаланаш,
Вай меттахIиттийча дегнаш.

Гергарчу, генарчу лулахойх
ДоттагIий хир бац, вай толахь бен.
Доха ма доха – бохь буогIа,
ШайтIа а, мостагI а вохавеш.

2000 ш.

* * *

Аса жимчохь сайн дахарна,
Сайн тароне хьаьжна,
ТIейуьйхина цхьацца бедарш
Ирча-м ца хиллера.
Амма, цхьаццанхьара эттIа,
Уьш тишйелла тахна.
Царна йомеш летош ву со,
Кхин сайн йоцу дела.

Суна хийла новкъа хуьлу
Ира хьекъал, шийла хьекъал –
Зарзйеллачу цу бедарех
Чекх са ган ца лаьа.
ТIаккха суна гучудуьйлу
Дахар – айпе пекъар,
Дерриг дерзина и далахь,
ХIун гур ду, хIун хаьа?!

2000 ш.

Нохчийчоь – къонахийн латта
(илли)

КIиллоша йоьхки хьо шайнех,
ЦIубдарша муьйлу хьан цIий.
Хьо бехйарх иэхь доцчу лайша,
Нохчийчоь, довр дац хьан сий.

ШайтIанийн кхаж баьлла ханна,
Хьан стиглахь го марха-дохк.
Амма ду сирла, малх санна,
Хьан хиндерг, сан нохчийн мохк...

Хьан кетIа боьссича бала,
Хьо йисча бохамийн арахь,
Букъ туьйхи – ка тоьхначара,
ЦIе туьйхи – ца йезачара.

Хьан чевнаш дебачу дийнахь,
Хьан лазар чагIделча некхехь,
Нохчийчоь – сан Даймохк сийлахь,
Со ву хьан кхолламан декъехь.

ЧIагIлуш хьан балин йозалла,
Цхьаъ ду-кха сан дагна томехь –
Хастам бо, хастам бо Далла,
Кхолларна со нохчийн къомах.

Лийрбоцу хьох тешам латтош,
Цу Деле хьох доIа ду сан.
Нохчийчоь – къонахийн латта,
Эвлайаийн беркате хIусам.

2000 ш.

Нохчийчоьнна

Даккхий хабарш дуьйцуш,
Йеза цIераш йохуш,
ДаI тIе туьха туьйсуш,
Лазарш карладохуш,

Лууш йа ца лууш,
Хууш йа ца хууш,
И хьан бIаьрхиш дохуш,
Хьан цIий Iенош довха,

ЦIий а, сий а духкий,
Нахала а буьйлуш,
Бицбеш моттий, мохккий,
Сица цIарматбуьйлуш,

Боьлхуш, цIогIа детташ,
Хьарам дууш, Iеттош,
Лелачаьрца хила,
Тиллачаьрца тила,

Цу азаллехь дуьйна
Йоза долуш вац со,
ВорхIе дайшкахь дуьйна
Пурба долуш вац со...

Амма хаац, айса
ХIун де, мича вала?
ДIавахча а – гIайгIа,
Висича а – бала.

1999 ш.

Даймахке
(илли)

Даймохк,
стигал кхулуш хьан марха йеъча,
Даймохк,
хьуна ца оьшуш де доьхна деъча,
Йелха йиша хьан ма ца хили,
Уллехь ваша хьан ма ца хили,
Дела воцург, кхин накъост воцуш,
Бисна хьо, сан Даймохк.

Даймохк,
Делан къайле ма йовза йиш йац,
Даймохк,
Делан йоза ма хийца йиш йац.
Гергакхочуш хьан ирсе зама,
Собар дара хьан коьрта амал...
Денна нислуш хьан куьце амат,
ЙогIур йу хьан зама.

Даймохк,
кIайн заз хецна хьан бIаьсте йолуш,
Хьуна, толам кхайкхош, ас илли олуш,
Нохчийн нехан дегнаш а делош,
Нохчийн лаьттахь ирс-беркат дебош,
Кестта догIур ду сирла денош,
Тешна ву со, Даймохк.

2001 шо

* * *

Де дийне мел дели, шеллуш йу арахь,
Оьгуш ду тІаьххьара гІаш...
Тахханалц цІа кхача ца ви со лара,
Вацахь а генахь со Іаш.

Хьо-м даим хьоьжуш Іа,
Хьо йац-кха реза,
Ахь даим кІира лардо.
Амма сан гІуллакхаш чекхдаха деза,
Уьш цкъа а кхача ца до.

Со муха кхуьур ву, балхахь ву денна...
Мукъа де? – Вуон-дика ду...
Нана, со-м дерриге уьш дІа а тесна,
Кхул тІаьхьа-м цІа вогІур ву.

– Кханенаш... уьш тІахьа ма хилахьара, –
Цхьа гІийла хьо хьоьжуш йу.
Де-дийне мел дели, шеллуш йу арахь,
ТІаьххьара гІаш оьгуш ду...

2004 ш.

* * *

Коша тIехь буц йели – ма генайели хьо, баба,
Селхана-м моьттура, хьо хир йу массо а ханна,
Вайн керт а, дуьне а ма шийла диси хьох, баба,
Ма хала ду суна хьо йоцуш дIалела,
хьо йолуш санна,
Баба, сан баба...

ДагадогIу, ахь олуш:
«ЧIийш гулдахь, дуьйцур ду туьйра...»
Уьш дохьий, тхо – бераш –
куьркана хьалха дIатуьйра.
Ахь тIаккха дуьйцура... Мел дара!
Уьш дагадогIуш
Хир ду-кха сан дахар кхул тIаьхьа,
«маржа-йаI», бохуш,
Маржа-йаI, хьо дуьне!

Баба, со-м тезетахь
латта ма-веззара лаьттира хьуна,
Цу Деле гIо доьхуш,
собарх сайн доьхна дог хьулдан.
Амма дIадирзича, хьо йуьжуш хиллачу вахна,
Маьхьарца делха а маршо ас йелира дагна...
Баба, сан баба.

Селхана-м моьттура хьо хир йу массо а ханна,
Коша тIехь буц йели – ма генайели хьо, баба.
Ма шийла йиси хьох вайн керт а, дуьне а, баба.
Хала ду хьо йоцуш дIалела, хьо йолуш санна,
Гур йолуш санна!

1993 ш.

* * *

Хазачу бIаьстенца сийначу бай тIе
Дуьххьара лаьллинчу бекъанах терра,
Са маьрша даьлла сан, йаййелла гIайгIа,
Дахаран аг1онаш йовзарна керла.

Со гIелвеш, сингаттам базлучу дийнахь
Девзина цхьадолчу хIуманийн хIилла:
Со вохо кхерамца соь хьежна хийла
И йаккхий халонаш бIарлагIа хилла.

Син маршо – уггаре боккха ницкъ, бахам.
Кхин мел дерг аьттехьа ца кхочу цуьнга.
Син маршо – и бу-кха стогаллин барам,
Дика мел долчуьнан и хьоста ду-кха.

Дахарехь ца хилча таро мел йоцург,
Син маршо ца хилча, дац цхьа а маьIне.
Зуламна герга ву са маьрша доцург,
Чуволларх, дIахецарх массо а маьIIе.

Суна, ткъе йалх шарахь дуьнен чохь ваьхча,
ХIара ду билггала бакъдолуш хиънарг:
Са хила дезаш ду, мох санна, маьрша,
Са хила дезаш ду, малх санна, сирла.

1989 ш.

* * *

Хьо цхьаъ ву дуьнен чохь...
Хьол хьалха, тІаьхьа
Цхьаммо а ца лайна
Лайна дерг ахьа.

Хьан безам, хьан бала,
Хьан хьекъал, хІилла
Цхьанне а ца хиъна,
Цхьаннен а ца хилла.

Дуьнен чохь мел хуьлург
Цкъа бен цахилар,
Хьо санна адамаш
Кхин хирг цахилар –
Дуьненан цхьа мерза
Къайле йу иза,
ГІайгІане йелахь а –
Сийлахь йу иза.

Хьо цунах кхеталахь –
Хьайн пусар делахь,
Цхьаннех а хьоьгуш кхин
Хир вац хьо тІаккха.

ХІора стаг ву иштта –
И диц ма делахь,
Кхечарах цавашарх
Дог паргІатдаккха.

Нахах ца вашар,
Нахах хьо хьегар –

Ду йиша-ваша,
Йа йезар-везар.

1995 ш.

* * *

Ма мотта, эрна ду,
Хьуо Iеха ма ве –
Мел лаарх, ма-дарра
Дийцалац даге.

Хьох, дагна ма-луъу,
Кхетар вац цхьа а.
Кхечунах кхета ницкъ
Кхочур бац хьан а.

Элпаш а карор дац
Ойла дIайазлуш,
Ткъа даг чохь хир ду хьан
Эзарнаш аьзнаш...

Уьш кIеззиг мукъане
Хезча йа дешча,
Ма къен пал хир бу ахь
Лехьийна дешнаш.

И хIунда, и стенна? –
Оьшуш дац хетта.
Шиъ вовшех ма-луъу
Цкъа а ца кхетта.

Вовшашна довзанза,
Доьрзу вай лахьте,
ХIетте вай ойланийн
Дай хета ваьшна.

1992 ш.

* * *

Ца хаьа, суна ца хаьа,
Со хIокху дуьнен чу вогIуш,
ХIун дара дуьнен чохь долуш,
ХIун ду ас деънарг а сайца.

Тхан йуьртан йистера таьллаш,
Кертара сийна бай, татол,
Суна мел девзина адамаш –
Ванах, и дерриге дарий-те?

Пхийттара валале суна
Йезна тхайн школера йоI а,
Цуьнан и шатайпа йелар –
ГIан-м ца хилла-те иза?

Сан нана... со цунах хьерчар...
Сан дада... цо наггахь хьастар...
Эзар шо хир ду-кха даьлла –
Йа иза хила а хиллий-те?

Эскарехь, дешар тIехь, балхахь...
Дахар ду олучу дашо
Чулоцуш мел долу суьрташ...–
Ванах, уьш баккъал а дарий те?

И моттаделла-те суна?
ХIун ду ас кхоьллинарг сайна?
ХIун дара долуш дерг ша-ша?
Мичахь ду уьш къасто доза?

Ца хаьа суна, ца хаьа...
Бакъду, кхин цхьа хIума-м хаьа,
И суна девзинарш, гинарш –
Адамаш, гергарнаш, йезар,

Тхан йуьртан йистера таьллаш,
Кертара сийна бай, татол...
Сол тIаьхьа цхьанне а гур дац,
Сол тIаьхьа кхин цкъа а хир дац.
Со велча, уьш соьца дIадевр ду –
Сан йолччул оьмар йу церан...

* * *

ДІадаккха, тІетоха доцуш,
ЦІанделла дахаран сибат.
Цхьа висна, ас дагалоцуш,
Ойланаш йан воьлча сирла.

КІорал Іаржйеллачу буса
Ницкъ кхаьчча дІадевлларш литта,
Марзонца цхьа лаам бу сан,
Доьхна дог иркарахІиттош.

МоттаргІа йуьсийла лешна,
Церан герз — шалхалла, хІилла.
Дай хила ницкъ луш берш дайшна
Йахьйолу кІентий ма хилла.

Тхьамда вицвеллачу меттехь
Само йо говзачу човсо.
Нах моллин дешнех ца кхетча,
Йиш йу-кха туркхан мах бовза.

Декхаршца ларавахь хІора,
Оьшуш ву хьаькам а, пхьар а.
Хуьлуш вац цхьаъ кхечул ворах,
Стаг верг ша стаг хилчахьана.

ХІораннан, йиш йоцуш хийца, —
МаьІна ду! ЦІе йезар — тилар:
Коьрта дац — ву бохуш вийцар,
Коьрта ду — баккъал а хилар.

Къонахийн, турпалхойн даржехь
Йаккха цIе-м йисхьара цхьанна...
Сан лаам, ас бина харжам –
И кхочуш сан хилахьара-кх.

Ма мега-кх, бицбеллачарах
ДIаийна, цIе йоцуш варах,
Ас динарш кхечеран ларарх, –
Дерриге гуш ма ду Далла.

Мох санна йаьссачу арахь,
Ца лаьа-кх эрна чекхвала:
Беркате со хилчахьана,
Кхечарна цIе йисахьара-кх...

2008 ш.

Лехамех

Дешхьалхе**:**
Вайна ца карий ваьш лоьхург.
Хаттар дисна: хIунда?

I

Лоьхург ца карийнехь,
Лоьхург цакароран кхо бахьна ду:
1. Дика цалахар;
2. Лаха дезачохь цалахар;
3. Дан а доцург лахар.

II

ЖамI:
Лоьхург лаха дезачохь дика лаха –
ТIаккха карор ду хьуна.
Дан а доцург ма леха цкъа а.

III

Цхьанне а ца хаьа, мичахь йу Ирсан хIусам. Хьекъал долчу наха баьхна, нагахь Ирс цхьанхьа делахь, иза хьан-хьайн даг чохь ду. КIеззиг нах бу иза хIораннан даг чохь ду бохучух тешаш. Кхин а кIеззиг бу иза цигахь лоьхурш. Цундела – вуно кIеззиг-чарна а бен ца карадо шаьш лоьхург, шайна оьшург – Ирс. ХIунда аьлча, лоьхург ца карийнехь, лоьхург ца кароран кхо бахьна ду:

1. Дика цалахар;
2. Лаха дезачохь цалахар;
3. Дан а доцург лахар.

2000 ш.

* * *

Долчунна пен бетташ,
гIайгIанех вай идац тахна,
Забарш вайн гIийла йу,
самукъа дац там беш дагна.
Вай хIуъа дийцарх а,
кIелйисна, вайн илли хилла,
Вайн сийлахь Нохчийчоь,
узаршца керчаш шен цIийла...

Малхбале бIаьрг тоха –
гIо дуй-те цигара догIуш?
Къилбехьа бIаьрг тоха –
бIо буй-те цигара богIуш?
МостагIийн суьрташца
бу шуна тахна вайх леташ
Ширaллин кийрара
тешамаш, кхетамаш, хетарш...

Хьекъална херйелла
майралла вайн накъост хилла,
Кхетамах къаьхкина
куралла йуьхьIаьржо хилла,
Цу маьлхан йовхонехь
йеша и шан тархаш санна,
Барт боьхна вайн могIа
де-дийне оьшуш бу тахна.

Вайх-м хирг ша хиллера – вай муьлш ду?
Са даьхьна догIмаш...
Вай лайна девли-кха
тоххарехь вайна лан доьгIнарш,

Вай хIинццалц Iийшинчу
баланийн и дIаьвше къаьхьо
Ца йевзаш, вайл ирсе
хир йац-те вайн кхуьу тIаьхье!?

ДегIан а, деган а лазарша
хьо хийзош хилча,
ХIетте а гIо доьхуш
цу берийн бIаьргашкахь хилча,
Кху дийнахь вожар а,
вохар а аттачу даьлла,
Эзарза хала ду
дIалатта, орцах а ваьлла.

Хьомсара Нохчийчоь –
ворхIе дайх бисна мохк сийлахь,
Йахь йолчу кIенташка
хьо орцах кхойкхучу дийнахь,
Хьан вонах са йинарг,
къиза цIе йиллинарг цIийнах,
НаьIалтан мухIарца
тIаьхьешна билгал вуьсийла.

* * *

Айми чохь, гу болчохь керчар ца лагIдеш,
Дикка гуо тийси сан дахаран чкъурго.
Сан даго – жимачу цу дилхан цуьрго –
Iаьршашка кхийдийна ойланаш лахйеш,
Уьншарахь хьакхар ца хьаькхначух терра,
Цхьа ирча цIийзар цо долийна хIинца.
ХIун дер ду, хетарехь, ширбелла-кх бера...

Ва амма йиш ма йац новкъахь чкъург хийца,
Аьтто бац тойан а, цIан ца ло хаттах.
ТIедеа-кх со хIинццалц кхаьрдинарг нахах:
Деза сан тетта а, текхо а дахар...

«Цу меха дуй-те и?» – Ас хьаьнга хатта?
Iесачу шеконийн гулам а хилла,
И хаттар жоп доцуш дисна-кха латта...
«Керччачул карча чкъург, хир шена хирриг...» –
Боху ас – кху хьолехь и ду-кха атта.

2010 ш.

Нохчаллах дош

Тоьпашлахь кхоьссина,
Йоккха топ ва санна,
Нохчашна нохчалла
Дешнашлахь – доккха дош,
ТIелаьцнарг – халачу
Декхарийн гуоне хьош,
Цалаьцнарг – вай а веш,
Мехашлахь мас санна.

Чолхечу зерашкахь
Ца къарлуш заманна,
Ткъес санна, сиха а,
Собаре, лам санна,
Къонахий бийлинчу
Сийлахьчу лаьтта тIехь
Нохчалла нохчийн син
Кеп хилла лаьттина.

Буьрса дарц хьекхарх Iай,
И – сирла йаьгна цIе,
Соне дIатоьттуш йу –
Хийланна йаьлла сов.
Нохчалла – эрна харж
Са заьIап долчарна,
Нохчалла – ирсан кхаж
Йахь йолуш болчарна.

ШайтIанийн цIуьхIаршна
Луур ца хуьлуьйтуш,
Нохчалла – лекха дарж,

Къонахий кхуьуьйтуш.
Нохчалла – беза мохь
Сий деза долчарна,
Нохчалла – беккъа мох
Хабарчийн охIланна.

Шен къомах цавешарг –
Хайраза вожа ду.
Шен къоман воI воцург –
И текхан божа ду.
Хьо милла велахь а,
Хьо миччахь велахь а,
Нохчалла – нохчашна
Стогаллин доза ду.

2010 ш.

Зама

1

Вайн зама цомгаш хилла, хьерехилла,
Вайн зама тиш ма йелла, къан ма йелла,
И лело йоьлла вайца харцо, хIилла,
Ша йоцург хила гIерташ, кеч а йелла.

Вайн зама... – ала ца тов-кх ша ма-дарра –
Галйаьлла,
шалхайаьлла,
карзахйаьлла,
ТIехйаьлла,
эвхьазйаьлла,
сонтайаьлла,
Бакъдолчух къехкайоьлла,
акхайаьлла.

Вайн зама –
вай мел деха-доца дийцарх –
Бакъ долуш, вайх тарйелла йаьлла хIинца:
Вайн зама вайца ийна – сица, цIийца,
Вай хийцалахь бен, иза лур йац хийца.

Ас дуьйцург цхьанна а хууш дац-кха аьлла,
ВаллахIи, гIертац со цхьаъ кхето, Iамо.
Вайн зама – вай ду,
дерг ма-дарра аьлча,
ХIора стаг – зама,
хьо а, со а – зама.

2

Зама ша йоьзна хуьлу адмийн амалх –
Харш доккхуш шена, доьду ломан хи.

КIиллоша кхуллу шайга терра зама,
Къонахийн зама кхуллурш – къонахий.

Доллушехь шайца гали дуззал къинош,
Сий дайна, шайна луъург леладеш,
Иэхь доццчу наха бехке бийр бу кхинаш,
Нах боцчу наха харцдерг бакъ а деш.

Вай кхаьрдаш хилларг вайлахь тоьлла дели,
Вайн са ца дуу хIетте хорамо.
Ледарчу наха тардолуьйту дерриг
"Вайн гIуллакх дац и", – бохуш хIораммо.

Къинхетам оьшу вайна, вовшех дашар,
Иман ду вай кIелхьара дохун дерг.
Амма ма хIотта-кх кху дуьнен тIехь машар –
Харцоно бакъо хьаьшна хIуттуш берг.

Нохчийчоь, дог, бIаьрг хьостуш, хьалагIетти,
Нускалх ша терра, куьце йеъна и.
Ма дукха эгна, хьан сий лардеш, кIентий...
Нохчийчоь, ахь ларделахь церан сий!

БIешераш дийларх, макх ца доьлла гIиллакх,
Къийсамийн цIергахь ца лелина йахь
Вайн ворхIе дайшна сийлахь лакхе хилла –
ХIун мах бу вайн, и тахна лар ца йахь?!

Зама ша йоьзна хуьлу адмийн амалх,
Харш доккхуш шена, доьду ломан хи.
Бен а йац къонахошна цхьа а зама –
Заманна даим оьшу къонахий.

2006 ш.

Пондарче

Гуьйренца доьлхучу гIийлачу дерзах,
Мехаша тийжочу куьйсачу эрзах
Делхийта, делхийта пондаран мерзаш...
Готтачу сан кийрахь дог ма ду лезнарг.

Кханенаш тешаме йоцчу дуьненахь
Цхьа безам бара сан, дайх бисна безам –
Сийлахьа Нохчийчоь – сил дукха йезнарг,
Йохий и, мерци и йамартчийн герзо.

БIешерийн къийсамехь, йахчалуш, кхиънарг –
Нохчалла – сийлалла йара сан дагна.
Хили-кха туьллакийн тобанна лиънарг:
ГIиллакхийн охIланаш эшна бу тахна.

Тешаме накъостий бара сан бахам –
Цхьаъ вайна, цхьаъ вийна, ткъа вуьйш бу гIийла...
Де доьхча, йахь йара-кх стогаллин барам,
Ткъа тахна-м баьржина хьагI йоьлларш кийра.

...Ахь бехк ма биллалахь, пондарча, хIинца,
Цхьажимма йуткъйелла хир йу сан ойла.
Же, ма Iе, и гIийла мукъам хьайн хийца,
Йиш йац-кха нахана вай доьхна гойла.

Цадезачеран вай ма хьеста лерса,
ГIо лоцуш даг тIера чевнаш дIайерзо,
Толамехь шатлакхна кхуьйсучу герзах
Декийта, декийта понадаран мерзаш.

2000 ш.

Оьгу гІаш...

ХІинца а шайн сено
Ца йайна зезагаш
Ма дукха хьулдина
Гуьйренан гІаша.
Мажделла, эгна уьш,
Дисинарш иэганза
Кечделла шайл лахахь
Кхиъна дерш хьаша.

Оьгу гІаш... хІун бехк бу
Мехаша дегочийн,
Кхолламан кхел хилла,
Шайн лаам боцчу?
Іожаллин шийла Іаь
Йоьссинарг дегІа чу
ПаргІат ву декхарех,
Жоьпаллехь воцуш.

Мажделла, кхиаза
Леш долчу зезагийн
Къинна хІун мел хир бу,
Нийсонах Іебаш?
ХІара дуьне – авгол бу
Декхарийн, дезарийн,
Цхьа а тІе ца кхуьуш,
Цхьа а ца Іемаш.

ХІара дуьне – тептар ду,
Цхьаммо а дешанза,
Йукъ-кара бІаьрг кхетча,

Девзина моьттуш.
ХIара дуьне – хьесап ду,
Цу Делан тешамца,
Иймане вирзинчо
Эрна ца хоьттуш.

Хьенехан кхиамех,
Минехан иэшамех
Цецбуьйлу Iесаллин
Хьу йоьлларш кийра.
Ткъа дерриг хуьлуш ду
Шен цхьана эшарехь,
И довзар даимна
Ду вайна хийра.

Хетачу харцоно
Карзах а ца дохуш,
Вахар а йал йолуш
Хила тарло-кха.
Гуш долчу сакхташа
Кхардаме ца дохуш,
Вайн собар – хьекъалан
Бохь санна го-кха.

Цхьаъ бен дац леха хьакъ –
ЦIенчу син паргIато,
Цхьаъ бен дац деха хьакъ –
Цу Деле гечдар.
...Можа гIаш тIеоьгуш,
Зезагийн патаро
Керлачу дахарна
Латта а кечдо...

2011 ш.

Ворда

ДIайаха йита и дIайоьду ворда,
Хьалха а ма вийла, ма хьеша лар а.
Галйаьлла и хетарх, нисйан ма гIорта:
Вайн дац-кха хIара дуьне,
вайн дац-кха хIара...

Нислур вац тиллаверг, тилар а лоьхуш!
Некъана нацкъара йевллехь а говраш,
Лам тIера чухьаьвдда йагIахь а Iовраш,
IадIелахь – цхьа а вац хьоьга гIо доьхуш.

Йийцаре ма йелахь цо эцна йорт а,
Карзахе амалш а йемал ма йелахь.
ДIайаха йиталахь дIайоьду ворда –
ХIуьттаре ма лору хьан цIена хьехам.

– ЖIаьлеш ду леташ дерш, ковра дIайоьду, –
ЛадугIур долуш бац ворда дIайуьгурш.
Буьйлуш, цабашарца уьш хьоьжу хьоьга,
Тхьамданан само а шеконехь йуьтуш.

Хьаьддачу ворданан садууш цIийзар
Дазло-кха, йахарна кхоьруш и Iин чу.
IадIан-м хьо везара...
Ткъа муха Iийр ву,
Ворданахь болчарах цхьаъ хьо а хилча?

1999 ш.

* * *

Цхьа хан хилла-кх йогIуш,
ХIора йогIу Iуьйре,
ХIора йогIу суьйре
Цхьатера ца йогIуш.

Хийла хаттар хIутту,
Жоп а доцу хаттар –
Иштта хилла-кх гуттар,
Дуьне вайн мел лаьтта,

Хала хаттарш хIиттош,
Адамаша лоьхуш,
Дуьне довзарх, дитарх
Кхетош долу жоьпаш.

Цхьанхьа тептар дешна,
Цхьамма дуьйцуш хезна,
Дац-кха хIара дешнаш
Говза вовшахтесна.

Аса дуьйцу айса
Хийла сица лайнарш,
Аса йуьйцу сайга
Хеттарш дина гIайгIа.

МоттаргIанийн ловзар
Жималла а хилла,
Безам хилла – лоппарг,
Ирс а – лоппарг хилла.

Велха стенна оьшу?
Тийжа хIунда оьшу?

Бохаме ладоьгIуш,
Дуьне хIунда хьоьшу?

Лаам карзахбохуш,
ХIума хIунда лоьху?
ДоьгIнарг – ша тIедогIу,
Доцург – ша дIадоьду.

Хилла-кх цхьа хан йогIуш,
«Къинхетаме» зама,
Цхьаьнгге дог ца дохуш,
Вахавеш хьо Iама.

Цхьаьнгге са ца тийса,
Цхьаьннех хьегар доцуш,
Дуьне гонах хьийзаш,
Корта хьовзар доцуш.

Оцу хьоле вахчахь,
Схьагур хилла-кх, хьайл а
Лакхахь воций паччахь,
Лахахь воций лай а,

Лаьттахь цхьа а воций
Вехаш нехан метта, –
Цунах кхетта воцург
ХIумманах ца кхетта.

Дуьне карадарах
Дуьсург хIун ду, къай бен?
Делла дела Дала
Дахар даим къайле.

Дуьне дуьсур хилла-кх,
Йиса тІаьхье йоцуш,
Цуьнан пусар хилла-кх,
Чуьркан тІомал доцуш.

Дитахь, ас хІун дуьту?
Дисахь, сох хІун дуьсу? –
Сох ца кхетта дуьне,
Со ца кхетта дуьне...

2002-2009 шш.

* * *

Ма хила веза-кх,
Ма ваха веза-кх
ХIара дуьне дIора,
Дош а ца лоруш.

ЦIанвала веза-кх
ЦIинвала веза-кх,
Сингаттам, ловзар
Цхьатерра ловзош.

Дуьненна вийла
Веза-кха хийра –
КIеззиг мел дезнарг
КIеззиг ма лезна.

ХIун бен ду, вахарх
БIешарахь, шарахь,
Хьо йийсар хилча
Iожаллин карахь?

ХIун бен ду, хилча
Хаза йа ирча...–
И баI, и зезаг
Цкъа дала деза-кх.

Кхиамийн бохь а,
Иэшамийн мохь а –
Дерриг ду гIенаш,
Йуьсунйерш – ченаш.

Ша эла хеттарг
Ваьхна, наб кхетта.

И-м вер ву сама,
Топ кхетча санна.

Ваха ца веза-кх,
Воьлхуш йа воьлуш,
Зиэнаш йа зиэраш
ТIех чот а лоьруш.

Эшац тIех лера
Темаш, цатемаш,
Эшац тIех леха
Тайп-тайпа чемаш.

Ловзарехь дуург,
Лазаро вуург –
НIаьнешна кхача
Бисина кхача.

Дуьрста шайн йоцу
Ойланаш челакх
Ма къарйан йеза-кх...
Дерриге – ченаш...

Са деза-кх даим
КIелхьарадаха.
Кхин мел дерг – ченаш,
Йуьсунйерш – ченаш...

2009 ш.

Нене

Хьо ца хилчахьана хьайн дог этIаш,
ОьгIазъоьхуш хьо ца хилчахьана,
Хала дац-кха суна халахетарш,
Дерриг мегаш ду-кха суна, нана.

Амма, хIара дахар хьох дIахьулдан
Ницкъ а болуш, со ца хилла къонах.
Ахьа – иза дага догIий хьуна? –
Со-м ларвора жимчохь массо вонах.

Кхеравелча цхьанхьа йа лазийча,
Хьоь кхойкхура – хьо йолура орцах...
Цу хьан марахь со мел паргIат Iийна,
Ца кхийрина шайтIанех йа дорцах.

Даг чохь йеха суна и дIайахна,
Массо вонах ахь ларвина зама.
Хьо лар ца луш гIорасиз ву тахна,
Хьуна хьалха бехке ву со, нана...

Амма дерриг гуш ду-кх везчу Далла:
Сайн са дIалур дара-кх, хазахеташ,
ОьгIазоьхуш хьо ца хилчахьана,
Хьо ца хилчахьана хьайн дог этIаш.

2006 ш.

Сий долчу Нохчийчоьне

Экамчу хьан дегIах тIамо цIе латийна,
Хьан сина йазйелча Iазапан хало,
Хьо йоьжча гIаттийнарг,
Хьо меттахь латтийнарг
Йахь йолчу хьан кIентийн йу къонахалла.

Харцонийн хIиллано дегнийн ницкъ лахийна,
Хьан кIентий бIарзбелла, хIоьттича хьал а,
Тешаман лакхенехь
Хьан седа латийнарг
Оьздачу мехкарийн йу къонахалла.

Доккхачу дуьненахь кхин ирзу ца къуьйсуш,
Хьан некхехь туш тоьхна массо а ханна,
Хьо кура ларйинарг,
Сий соьмах ца хуьйцуш,
Хьан кIентийн, мехкарийн йу къонахалла.

Рицкъанан токхенехь дебарх а йахь йайнарш,
Са цIена тхан латтош бIаьрмецигаллах,
Ларйойла Кхоьллинчо вайн къоман тIаьхьенехь
ХIинццалц хьо ларйина дайн къонахалла.

Эчигна макх санна, кхераме сина
Лайн амалш кхиа ца йуьтуш, дIахIотта,
Цу эзар шерашкахь дебначу хьан сийна
Цхьа къонахалла бен кхин ма йац гIортор.

2010 ш.

Ца хууш даций вай-м...

Накъосташка

Малх а дIахьуллур бу, бага мел лиънехь а,
Серлонца, йовхонца хIара дуьне кхаьбна.
Вай догIуш ваьш мича догIу ца хиънехь а,
Ца хууш даций вай-м, ваьш мича кхаьчна.

Мел йаккхий марзонаш йоьрзуш йу къаьхьоне,
Синкъерам чекхболу, йуьтуш син гIайгIа.
Сурт схьагуш дацахь а дахарал тIаьхьадерг,
Ца хууш даций вай-м и къиза къайле.

Йагориг кхачийча, къуьданан милтанех
ГIелдели вай йечу ойланийн лепар...
Дуьненахь массо стаг и Iехо гIиртинехь,
Ца хууш даций вай-м, цо массо левар.

Байтамал – хьакъ ма-дду да-нана цахьастар,
ГIо цадар цхьанна, дог Iабаза безам...
Ца лууш делахь а дуьненах дIакъастар,
Ца хууш даций вай-м, цкъа къаста дезий.

Ойланаш хьаьъначохь дицдала лаахь а,
Ма дац-кха карзахчу синошна молха...
Билггала вай мича доьлху ца хаахь а,
Ца хууш даций вай-м, ваьш цига доьлхий.

ХIетте а деха вай – дерриге хуъушехь,
ХIара дуьне даима лаарца даа.
Хуъушехь, и вайха дуьсур дуй дуъушехь,
Деха вай, деха вай, ца лууш хаа.

2010 ш.

Сатийсар

Сатийсар – тешаме доттагI сан,
Сатийсар – сан дегайовхо,
Хьо даим соьца дIахIотталахь,
Де доьхча, дахаран новкъахь.

Ахь хийла Iехаво, бер санна,
Хьайх хуьлий сан деган илли.
Чов хилла бисинчу безамна,
Сатийсар, хьо дарба хилла.

Цхьа висна, хьовзийча гIайгIано,
Хьо суна – синтеман майда.
Сан йоьжна дог-ойла айалахь,
БIарзвелла, кхайкхича хьайга.

Дог дохдеш, ахь хийла хьаьстина,
Цу Iаьнан чиллахь со висча,
Со тешна сирлачу бIаьстенах,
Сатийсар, хьо соьца хилча.

ТIаьххьарчу ирсах со херлур ву,
Хьох ваьлча, ахь дог сан оьцу.
Сатийсар, со хьоьца вехар ву,
Со мел ву хилалахь соьца.

Синмехаллаш
(илли)

ХьагI йоцчу даг чохь бен кхуьур йац йахь,
Оьздачух сонталла къехка.
Нохчийн синмехаллаш вай лар ца йахь,
Девр дац вай бIешерийн бехках.

Хастам бу вайн Далла! – вайн къонахийн
ГIиллакхца гIуллакх а догIу.
Хастам бу вайн Далла! – Вайн мехкарий
Ийманехь совбуьйлуш богIу.

ТIаьхьара алар:
Оьздачу, цIеначу къийсамехь,
Эшайеш синмекхаллаш,
Дебор йу, ойур йу сийдарца
Вайн къоман синмехаллаш.

Нохчийчоь тарйалар туьйранах –
Вайн коьрта синлехамаш.
Дехар ду нохчийн къам дуьненахь,
Вай ларйахь синмехаллаш.

БIешерийн кийрара схьабогIу некъ
Вайн дайша сийлаллехь бина.
Къахьаьрчар ду-кха вайх, летар бу бехк,
Харцонна мукIарло динехь.

Дуьнено хуьйцур ду шен аматаш,
Амма вайн бакъо йац дицдан:
Вайн цIена гIиллакхаш, вайн Iадаташ
Турпалчу дайх вайна дисна.

ТIаьхьара алар:
Оьздачу, цIеначу къийсамехь,
Эшайеш синмекхаллаш,
Дебор йу, ойур йу сийдарца
Вайн къоман синмехаллаш.

Нохчийчоь тарйалар туьйранах –
Вайн коьрта синлехамаш.
Дехар ду нохчийн къам дуьненахь,
Вай ларйахь синмехаллаш.

Йогу цIе...

Йогу цIе, чекхйала кхоьруш,
Дагадеш мел доьжнарг цIерга.
Йогу цIе, шен ницкъ ца лоьруш,
Йагаро чаккхе йо герга.

Цхьа лаам бу цIеран – йагар,
Шен хIусмехь массанхьа кхача...
Новкъа ду сихха чекхйалар,
Кхоамза биъна шен кхача.

КIур байча – йуьсунйерш овкъарш,
Туьнкалган йохалла кIурз а...
Цхьа йовха йогу цIе товхехь,
Ца туьгуш шен йагарх йуза.

Мотт хьоькху массо а маьIIе,
Шен довхо – шело а човхош.
Серлонан хелхаран маьIна
Хилла а, йогу и шовкъехь.

Чекхйолуш ма лаьтта йогург,
Хетало цIаро саийзош.
Iожалла тIекхаьчна йогIу,
Iожалла йу гонах хьийзаш...

Цунна а, цу цIарна санна,
Ма лаьа дуьнен чохь йаха –
Ца хилча дахаран чаккхе,
Ца хуьлу Iожаллин дахар.

2016 ш.

* * *

Дисинарг дукха дац дахар,
Вовшашка вай бехкаш даххал,
Девнаш дан, дебайан гІайгІа,
Йа вуьшта эрна хан йайа.

Доца ду, доца ду дахар,
«Кхуьур ву кхана» ца баххал,
Хьуо дика вуьйцуьйтуш нахе,
ЦІе йита тІаьхьешна йаха.

Делахь а деха ду дахар,
Галвала, хьо дохковаха,
ЙуьхьІаьржа хІотта, къа летта,
Йа виса, охьа а кхетта...

Деха ду хьо дохковаха,
Дика дан-м доца ду дахар.

Гезлой-Эвла
(илли)

Заманаш хийцалуш, шераш тIехтуьлуш,
Халонаш, харцонаш хийла тIехIуьттуш,
Гезлой-Эвла, мостагIийн луур ца хуьлуш,
Хьо даим лаьттина турпала йурт йу.

Iожаллин, дахаран зила тIе хIиттарх,
Сий лардеш, хийла хьан кIентий дIахIитти...
Хьайн беркат ларарна хьешаца доьзна,
Дог доьхна, и цIехьа цкъа а ца воьрзу.

Гезлой-Эвла – хьайн мехкан тешаме чIагIо,
Дуьнен тIехь уггаре сан хьоме агIо.
Токх хилла,
Зовкх хилла,
Йехийла гIуоза! –
Делан кхел хилла-кх сан ирс хьоьца дуоза.

Яьссин-хин бердаца йижина Iуьллу
Со вина жима йурт – сан деган беркат.
Хьох валарх, воьрзур ву – ас дог ца дуьллу –
ТIаьххьарчу сайн хIусаме – дайн кешнийн керта!

Висамбин Амрудди

Деган доттагIчунна Нухажиев Амруддина,
Дала декъалвойла иза!

1. Висамбин Амруддига дIакхачаза дисна къамел

Ассаламу Iалайкум, сан деган доттагI,
Де дика дойла хьан кхоьллинчу Дала.
Сан хабар хьеделча, вицло ма мотта,
Муха ду гIуллакхаш? Могаш дуй, ала.

Доьзалехь массаьрга маршалла лолахь,
Со цIа ван дагахь ву мукъачу дийнахь...
Цу Делан совгIат ду-кх вай кхиар лулахь,
ЦIахь воцуш ас ойла йо цуьнан хийла.

Хууш ву, хьуна а ду карладуьйлуш,
Наноша кечдина пхьор диъна девлча,
Вай лелар хан йаллалц, дагара дуьйцуш,
Боккхачу некъаца вайн динчу эвлахь.

Висамбин Амруддин, хан дIа мел йоьду,
Мел хьоме хета вайн классера бераш...
ТIаьхь-тIаьхьа сих-сиха ас дагалоьцу
Вай жимчохь левзина Яьсси-хин бердаш.

Вай йина ойланаш йара-кха сирла,
Цхьанне а адамца хьагI-гамо йоцуш,
Вайн хьоме Нохчийчоь йезара сил а,
Нохчаллин зил тIера духур а доцуш.

Вай доьзалш болийна дехачу хенахь,
Цу Делан мостагIчо йамартло йина,
Вайн сийлахь Нохчийчохь сийна цIе тесна,
Ма доьхна лийлира, дан амал доцуш.

Висамбин Амрудди – сан деган доттагI,
Варий ма хилалахь, гIийла, саготта,
Ихначу шерийн барз совбаьлла аьлла,
ДегIера ницкъ-гIора эшнера аьлла.

Вохий ма хьовзалахь, хьайн сина ницкъбеш...
Цу Везчу Делехь ду адамийн рицкъа,
Цо массо цамгарна кхоьллина дарба,
Хьо толур ву хьуна, хьалха ма-варра.

Ма хаза Iийр ду вай, вовшах а кхетта,
Исраил, Жаддал* ахь хьийзор ву говза,
Пхеа-Лоьме, Муьста-хиэ** гIур ду вай кестта...
Ас къамел дерзадо... садаIа тховса...

2020-шеран апрель-июнь

2. Шийла кхаъ...

Ма дукха хан йара-кх, сайга зIе тоьхча,
Жоп дала, телефон кхоьруш схьаоьцуш...
...Де доьхна Iац тахна, дуьне а доьхна –
Висамбин Амрудди вац эли соьга.

---

* Кадыров Исраил, Дагалов Жаддал – Амруддин а, сан а цхьана-классахой, уллера доттагIий.

** Пхеа-Лоьме, Муьста-хиэ – тхан доттагIийн гуонашкахь Пятигорск, Кисловодск гIаланашна техкина хилла цIераш.

ХIун де ас, хIун ала, ас хьаьнга кхайкха?
Ийманца собар ас доьху-кха Деле.
Кху дийнахь сан даг чу йоьссина гIайгIа
Хетарехь, со валлалц йисина йели...

3. Цхьа хан йаьлча...

Хьо хестош хуьлура тезете вогIург –
Ма дукха диканех дуьзна ахь дахар.
Турпалхойн могIарехь хьан цIе а йохуш,
Ма доггах тоьшаллаш дора-кха наха.

Латарца-тохарца билгал ца ваьлла,
Гайтина вацара хьо тIеман хьуьнар.
Хьо дерриг дахарехь оьзда чекхваьлла,
Хьо жимма Iехо а ца ларош дуьне.

Ахь цIарна цкъа а ца лелийна гIиллакх,
Хьо даим вара-кха нийсонан хехо.
Ма дукха гIуллакхаш ахь дина хилла-кх,
Пурба а ца луш уьш нахалахь хьехо.

Барт боьхча, ахь говза бора-кха машар,
Оьшучохь орцах а волура сихха.
Ма вазвеш тIелаьцна ахь веъна хьаша,
Нахана даим йукъ йихкина хилла.

Ма сийлахь лорура ахь марха, ламаз,
Кхечарна хьайх масал эццал и хаздеш.
Ахь цIена лардора вайн Iадат, ламаст,
Оьзда уьш лелорца нахалахь даздеш.

Хьо вара Зандакъойн цу ГIеза-Хьаьжин,
Хьо вара Зандакъойн цу Iаьлбаг-Хьаьжин
ЦIийнах а, уллера гергара волуш –
Орамца цIеначу бух тIера волуш.

Висамбин Амрудди – сан деган доттагI,
Хьан берийн дог эца-м гIерташ со Iийра...
Хьан дена, хьан нанна хьалха дIахIотта
Ма хала дара-кха суна цу дийнахь...

Хьо цхьаъ бен доьзалхо вацара церан,
Царна тIехIоьттинарг къемат де дара.
Делахь а Висамби, тIулгах ша тера,
Шек воцуш санна, сан дог оьцуш вара...

Ма чIогIа лийрира ахь сан да-нана,
ЦIахула со воцуш, церан Iу хилла.
Йуьхь-Iаьржа хуьлда со эхартахь кхана,
Вешехчул хьох кIеззиг дог лозуш хиллехь

Ма йаьсса хир йу-кха вайн йуьртан пхьоьгIа,
Суьйренца хьо цигахь лаьтташ гуш воцуш...
Дерриг хьох тешадеш, дуьйцура хьоьга,
Хьо вара сан уггар воцуш йиш йоцург...

Амрудди, гечдойла хьуна вайн Дала!
Цхьаъ ду-кха сан хIинца тIаьххьара ала:
Хьо санна сийлахь кIант сайн доттагI хилла,
Ма чIогIа хьал долуш, со ирсе хилла-кх...

2023 ш.

Нохчийчоь

Нохчийчоь! –
хьо аьрзу Іаьршашкахь маьрша тІам бетташ,
Хьо аьрзу – хьайн лаьмнийн лекхаллин
марзонехь, шовкъехь.
Ма йиса, борз хилий тогІехь,
ца йалалуш меттах,
Ма йиса, Нохчийчоь,
хьежа хьо хьоьгучу новкъа.

Нохчийчоь – сан марзо,
сан уггар сийлахьчех доІа...
Нохчийчоь! –
хьо чов а йу суна, ловш аса езза!
Сох ийна хьан са ду, чууьйзург аса садоІуш...
Нохчийчоь, йалайлахь,
кІантана ма чІогІа йезна.

Нохчийчоь, хьо суна
сайн ненан сибатехь йевза –
Хьан коьрта амалш йу
сан ненан къинхетам, безам.
Нохчийчоь, хьо суна гуш йу-кха
сайн дадин вастехь –
Сан дадин маьрша дог
долуш хьан бо хьуна хастам.

Ца кхеттал, ца тешшал тамашен хІума ду иза –
Кураллий, мискаллий,
ца лаарх, гуш йу хьан дегІехь.
Хьох буржал тоьхча а,
хьо маьрша йуьсур йу сица –

Цундела лору хьо!
Хьоьгу хьох!
Цундела йеха!

ГІан хиллий хоуьйтуш
хьан массо мостагІна моьттург,
Хьан эзар шерашкахь мел хилла дика денлойла!
Деза де ду хІара – хьо самайолу сахьт хІоьтти,
Нохчийчоь, кІенташна даима хьо маьрша гойла!

1988 ш.

Лайн чимаш…

Б. Хьусейнна

Заз санна, ловзарца серла а девлла,
Лайн чимаш дайн оьгу можачу бай тIе.
Делхарца, арзаца суна тIекхевдий,
Бай тIера, ден а лой, доьрзу сан байте.

Йоца йу лайн чимийн оьмар кху буса,
ГIийла ду лайн чимийн тIаьххьара делхар.
ГIерта уьш цундела ловзарх дог дуза,
И ловзар – Iожаллин хьалхара хелхар.

Уьш беттан серлонехь мел ирсе ловзу,
Къа доцу мел цIена дахар ду церан.
Дахаран ирчалла кхиале йовза,
Деларца доьлху уьш, ловзарца – кхелха.

Харцонца ца ларош, ца йайлуш гIайгIа,
Вайн дахар дIадолу, хуьлий цхьа гIовгIа.
Лайн чимаш дайн оьгу можачу бай тIе,
Бай тIера, ден а лой, доьрзуш сан байте.

1999 ш.

* * *

Балано бІарзвина хилча,
Харцоно садууш хилча...
ДоттагІех хилча уьйр хаьдда,
Ахь гІайгІа йалхор йу хьаьнга?

Йуха а йухуш йу йарташ,
Отуш йу вайн гІийла керташ,
Духуш ду вайн догІмаш, синош...—
Сел даккхий хилла вайн къинош?

Дехьа а, сехьа а дуьйцург
Аьшпаш бу, меха дац шайнан.
Ткъа цара вовшашна кхуьйсург
Нийсса тІейеттало вайна.

Харцдерг а, бакъдерг а хІинца
Ийна ду, къасталур доцуш.
Вайн жима нохчийн къам дисна,
Орцах кхин вала да воцуш.

Нохчийн къам ирсе дан луурш,
Нохчийн къам «эхарта дуьгурш»,
Адамаш хьийзадеш къиза,
Кху махкахь хІотториш «низам»,

Йохийна аша тхан Іойла,
Ца дуьтуш тхо даха, дала.
ДІагІойша, дерриш дІагІойша,
Шайн-шайн цІахь шу дика дара.

2000 ш.

* * *

Ойланаш – кхоьллинарш батто,
Ойланаш, шу мича йоьлху?
Ас шуна гIийла сагатдо,
Со шуна тIаьхьа-м ца воьлху.

Ойланаш, шу мичахь гулло?
Аш суна сагатдой-теша?
Ас йора-кх шу хаза, кура...
Шу шаьш ду-кх кхин доцу тешаш.

Шу мичахь, шу муха йеха?
Шун хIусам йуй-теша готта?
Дависарг, некъ хиларх беха,
Цкъа цига ван хьажахIотта...

Ойланаш – кхоьллинарш батто,
Шу мукъне цкъа мукъне йуьйла.
Лаьа-кха, ма-бохху даго,
Теша, со жима хилла вуйла.

Лаьа сайн сурт шуьгахь гойла...
Ткъа хIинца, мел хьежарх батте,
Шух бен ас ца йар сайн ойла
Билггал цхьа билгало-м йац-те?

1994 шо

Цкъацкъа...

Кху дуьнен чохь со цецвийла,
Дисна башха хIума дац.
ХIара гIийла, хIара шийла
Денош со шеквохуш дац.

Реза хир ву, къобал дийр ду
Дахар массо аматехь.
Сов тIех къежар, сов тIех тийжар
Ца тов стеган амалехь.

ХIумма дац кху лаьттахь хийра,
Сан бIаьргана, лергана.
Амма сирла-сийна стигал
Хета суна гергара.

Со цу цIенчу стигла кхийда,
Лаьтта воьжча вухур вац.
Кху дуьнен чохь со цецвийла,
Со шеквийла хIума дац.

1987 ш.

Ненан безам

(берашна)

Хьуна чу са диллина,
Аганахь хьо техкийна,
Хьо, везаш, кхиийна нана
Йезалахь, даима лара.

Хьан дуьхьа и йехаш йу,
Сил мерза хьо хеташ йу.
Хьо, везаш, кхиийна нана
Йезалахь, боху вайн Дала.

Ма декхна хьан ненан дог,
Дуьххьара ахь боккхуш ког.
Цуьнан ирс — хьан хазахетар,
Сингаттам — хьан халахетар.

Цхьаннах а тера йац и,
Берана дера йац и.
Уггаре хазаниг — нана,
Уггаре диканиг — нана.

Хьуна чу са диллина,
Аганахь хьо техкийна,
Хьо, везаш, кхиийна нана
Йезалахь, даима лара.

КЪОНАЧУ ШЕРИЙН БАЙТАШ

Нохчийн йоI

Хьо дIаса ца лелла урамаш, некъаш
Хетало цхьа даьсса, сингаттаме.
Хетало хьо йевзаш боцу нах пекъарш,
Эрна ду хьо ца гуш даькkхина де.

ХIунда ца совцайо машенаш наха,
Базарахь нах латтарх цецволу со...
Хьо хилча исбаьхьа дуьне цецдаххал,
Хьо ган схьа ца бовдуш, муха Iало?

Дуьненан мисс харжа конкурсаш йийраш,
Катоххий нисде шайн уставехь дерг:
Мел хилахь, шолгIа бен меттиг шун хир йац,
Хьалхара меттехь йу Нохчийчохь йерг.

Петрарка, Саади, Байрон йа Пушкин,
ПохIманаш хилла шун, делахь а тхо
Шул а сов ирсе ду, дахарехь гуш и –
Аш байташ йаьхначел исбаьхьа йоI.

Интернет хIунда йац йуьзна, хьо хестош?
Дог Iаьржа йа бIаьрзе бу-кха и нах.
ХIунда йац хьан корехь лоькхуш оркестраш?
Къонахий оьшу-кха бовза хьан мах.

Хьан сийна шатлакх деш, кхоьссина йоцург,
Ма эрна кхоьссина массо а топ.
ООН-о тидаме хIунда ца лоцу,
Инкарло йечаьрга дехарца жоп?

.

Хьо йолччу дуьнен чохь, хьо йолччу хенахь
Бехаш шаьш болчара, ца кхета со,
Зуламаш муха до, хьох эхь ца хеташ,
Муха сел ледара уьш хилало?

Хьан дегIан оьзда куц, бIаьргаш чохь бIаьсте,
Хьан ийман, гIиллакхаш, хьан зевне аз,
Дог цIена хьан йелар, доьжна дог хьасттал...
Хьо йолуш вайн Далла хастам бо ас!

Къастар
(илли)

Ас дагалоьций хьо, йа са ахь гатдо –
И хаарх, вайн хIун нисло?
Буьйсанна хехь латта хIоьттинчу батто
Ма-дарра дийца-м тарло.

ЦIеххьана цхьанхьара серла а йаьлла,
Кховдийна соь ирсан некъ,
Тешначохь со вуьтуш, чIурамах йаьгна,
ДIайай хьо, дIайели чекх.

ТIаьхьара алар:
Хьо йовзарх йоццачу ханна,
Лазамца хиллехь марзо,
Кхолламан и совгIат санна,
Лерина хилла ву со.

Мел лаарх, хили йиш йоцург
Хьехадар маьIне ма дац.
Хьо ирсе хуьлда – со воцуш,
Со-м хIинца ирс лоьхуш вац.

Ца хаьа, хIун нислур, вай мича кхочур,
Сатийсарш дегира, хилла шайх йукъ.
Дахарехь – и чолхе дуьйцина кочар –
ГIайгIанел ирс кIезиг ду-кх.

Некъ боцуш, лар йоцуш,
вовшийн мел лехарх,
Вай хIинца тIепаза дай.

Синхаам эшийна, даздина декхар,
Ас а некъ хаьржира сайн...

ТIаьхьара алар:
Хьо йовзарх йоццачу ханна,
Лазамца хиллехь марзо,
Кхолламан и совгIат санна,
Лерина хилла ву со.

Мел лаарх, хили йиш йоцург,
Хьехадар маьIне ма дац.
Хьо ирсе хуьлда – со воцуш,
Со-м хIинца ирс лоьхуш вац.

* * *

Со, и схьа мел го, вела везаш хуьлу,
ОьгIазе, дера суо ца гайта цунна.
Амма ас ларйо веларан кеп луьрра,
Шех воьлуш ву со ца моттийта цунна.

Тхойшиннах муьлхха Iехадо-те аса?
Йа, нийса аьлча, тхох хьан до-те Iеха?
Ма гуш ду-кх дуьйцург ас ца ваьлла, хаза,
Ма гуш ду-кх, муьлхарг
лечкъа тхох шен иэхьах.

Со цец ца вуьйлуш, цецвийла а веза...
Чекх маца дер ду-теша дерриг хIара?
Ма хала хилла-кх цаезачун безам,
Йезачун хьуна цабезамал хала.

* * *

Хьо эзар шарахь а хIинца ма кхеталахь,
Шен хеннахь цахилларг хIун оьшу суна?
Со тарве тIепаза байначу седанах –
Доккхачу дуьнен чохь кхин вац со хьуна.

Малхо ца башочу шан тIулгах тарделла,
Эндаже дог долчу хьуна-м хIун дара
Чов йинчу сан деган шеконе дIатер а,
Хьох йисна даг чуьра лазаме лар а?

Вицлойла со хьуна, сох кхетта йоцучу,
Вицлойла, Iуьйранна беран гIан санна.
Ас-м дагахь латтор йу, йицйан ницкъ боцучу,
Къоналлин лакхаза йисна йиш санна.

Ойланийн стигланаш дIалаьцна мархаша,
Вайн хилларш ца тарло жамIдеш дIадерзо.
Безамна хилаза дисина маршалла
Хан хене мел йуьйлу, хета-м ло мерза...

1985 ш.

Дагара ца йели хьо…
(илли)

Сихаллехь уьдучу шерашца жималла йай,
Безаман марзонаш, вай хьегош, тIепаза йай.
Хьох ваьлчахьана ас дуккха а вуон-дика лай,
Делахь а, хан йаларх,
вовшашна кхин ца гуш вай

Дагара ца йели хьо,
Дагара ца йели хьо.

Мел тIаьхьа кхийти со –
лаккхара хилла хьан мах,
Мел къаьхьа лайра ас хьан дагна мел йина вас,
ДIадаьлла дерриге –
вай хIинца ду хийра нах,
Делахь а сан даг чохь дехаш ду хьан сирла васт:

Дагара ца йели хьо,
Дагара ца йели хьо.

Кхолламаш хийцалац –
ирс долуш йехийла хьо,
Кхоамза тесначу безаман гIайгIа ас йо.
Диканиг лаарца, тахана-м ас хьан сий до,
Мел гена со валарх, хьо йицйан гIертарх а со,

Дагара ца йели хьо,
Дагара ца йели хьо.

* * *

Безам белча,
нах ца боьлху тезет хIотто,
Безам белча,
лаьттах и ца буллу.
Даг чохь хуьлу цуьнан лахьта готта,
Цхьаннан-шиннан бIаьрхи долу дуьра.

Хьох, сан безам, тIаьххьара дIакъаьсташ,
Байлахь йисна сан къоналла йоьлху.
БIаьрзе хилла, къора хилла, астагI
Кхерстар йу и, Iаьржа бедар йоьхна.

Ахь со когашIуьйра ваькхи лайла,
Ахь со вага вити маьлхан кхерчахь.
Марша Iайла, безам, марша Iайла,
Сан къоналло дойла хьуна геч а.

1984 ш.

Синкъерамехь

I

Собардел, накъостий, сацабел пондар а,
Ас шуьга ладоьгIуш дика хан йаьккхи.
Сан ала лууш цхьа масех дош дара,
Делахь а тхьамдано меттиг ца баьккхи.

Цундела, доццушехь тхьамданан пурбанца,
Дехар ду ладогIа ас бохучуьнга:
Хьаша вайн лоруш ду, делахь а луш дац-кха
Вай йуьртан гIиллакхехь тхьамдалла цуьнга.

Варий, сан накъостий, шу нийса кхеталаш,
Делора, ца бах ас волуш догъIаьржа.
Вайн йуьртахь синкъерам дIакхоьхьу некъаш а
Ца девза и тхьамда аш хIунда хаьржи?

Йуха а боху ас, хьагI лело дагца сайн
Йац соьга тхьамдано йайтина харж а.
Ас боху, накъостий, ма довла дакъаза,
Цкъа тIаьхьа доцчуьра тхьамда кхин харжа.

II

Горлера тхьамда-йаI, горлера,
Эшарехь ловзу ког гоьла тIера.
Тхьамдаллех хьо-м дика воьллера,
Хабарна жерочул тоьллера...

Делахь а хьоьга сан дехар ду,
И кхочушдан хьо а декхар ву:
Човс дукха ледар ву-кх тховса хьан,
Кхечуьнга лохьа и човсалла.

Цо атта хелха ца воккху,
ЙоIера дош а ца доккху,
Цо хIиттош ву хьо йуьхьIаьржа,
И дерриг хьох а ма хьаьрча.

Горлера тхьамда-йаI, горлера,
Тхьамдаллех хьо-м дика воьллера,
Амма човс ледара ву-кх тховса хьан,
Кхечуьнга лохьа и човсалла.

III

Со хаза волу хелха, дика волу,
Мехкарий, кIентий резахилла суна.
Ткъа хIара накъост хIунда ваьлла боле,
Ша човс ву бохуш, сараг бетташ суна.

Тоьлла йоI соьца хелха хьийза тховса,
Тхойшиъ цхьа тайна хилар цо ца лайна.
Соь боху цо, дог дика доцчу човсо:
«ДIавала кхета, йухавоккхур вай хьо-м».

ДIавала боху, тоьу боху човсо,
Ткъа наха соьга дIацавалар доьху.
Суна а, цкъа бен ваьккхина а воцчу,
Дог Iабон лаьа — ас-м дукха ца доьху.

"ДIавала кхета, йухавоккхур вай хьо-м", —
Пондарчас човсо аьлларг йолий йиш а.
ХIун бен ду сох къахетарх: суна сайна
Хууш ду, хIинца дIа ца вала йиш йац.

"ДIавала кхета, йухавоккхур вай хьо-м," —
КIордийна, новкъахилла бохуш дац-ткъа?

"ДІавала кхета, йухавоккхур вай хьо-м,"–
Со йухавоккхур волуш бохуш дац-кха.

IV

"Хьерадаккха ловзар, тхов тІе даккха ловзар," –
Маьхьарий хьоькху шовкъ йеанчу наха.
Соьгара хьал-ма кхузахь цхьанне довзац,
Къахьделла суна хІокху сохьта дахар.

ДІо, мекхаш хьийзош, хиъна Іийриг гІантахь
Волуш ву суна «гІуда» тоьхчахьана.
Тахханалц соьца хьо къийсинчу кІанта
Хьо хьийза йо-кха нийсса суна хьалха.

Хьо а йац хІуммаъ реза йоцуш цунна,
Хьо-м сетта, сетта суна хІуьттареннa.
ХІай, ма го цунна хьо йоцург кхин хІума!
Бохь бугІу, ченаш йохуш... ХІунда? Стенна?

Со-м Іийр ву тийна, вист ца хуьлуш, Іийр ву,
ДІахьажар хьоьга хьарамдина сайна.
Дика ду-кх дог сан къайлехь долуш, кийрахь,
Даг тІера къап-къарс хьуна дІа ца гайта.

1986 ш.

Синкъерам
(йиш)

Суьйре хазйелла йогIу,
Хир бу синкъерам, боху,
КIентий ма хила гIийла,
Хьеший-мехкарий богIу.

ТIаьхьара алар:
Массо самукъадаьлла,
Ойла тIома а йаьлла,
Тховса ца хилча, товш дац...
Дахар товш дацахь – дош дац.

Хилларш хила ма девлла,
Тилларш тилла ма девлла,
Хиндерш ду хIинца генахь,
Довла схьагуллой, кIентий.

ЦIенчу безаман марзо
Йовза хьакъ ма ву массо.
Вехарг безаман шовкъехь
Ваьлла нийсачу новкъа.

ХIора ша ирсе хеташ,
Iаббалц дагара дуьйцуш,
Сийна седарчий лепаш,
Сирла хир ма йу буьйса.

Достуш тхан дегнийн кевнаш,
Илли декалахь зевне.
Толуш синкъерам лаьтта,
КIентий, гIийла ма латта!

ТIаьхьара алар:
Массо самукъадаьлла,
Ойла тIома а йаьлла,
Тховса ца хилча, товш дац,
Дахар товш дацахь – дош дац.



ТIаьххьарлера безам

Жимчохьлера тIаххьарлера безам сан,
Лехна боцуш, бехна боцуш беара.
Сирла бIаьсте санна, зевне бийкира,
ТIома дохуш ирсе дог сан кийрара.

Кортош хьовзош, синош даккхий дехира,
"Муха йехар йу, хьо воцуш..." – бехира.
Аттайелла пхьегIа санна, йаьржина,
Сатийсамийн гIала йоьхна, хаьрцина.

Хьо хир йу сан дашо гуьйре моьттура,
Ойла йоцуш, хIума ас ца хоьттура.
Со-м хиллера хьан ловзаро бIарзвина,
Хьо-м хиллера уьне деъна Iаьржа Iа.

Вониг ала хьуна ларло хIетте а,
ЦIена йинчу ойланех къахетарна.
Цкъа къегийна, дуьне стимал дина къахь...
Дагалаца диканиг ца дити ахь.

* * *

ЦIийлуш, малх баьржинчу хенахь,
Цхьа башха малхбузе хазло.
Хьо хилар цхьанхьа цхьа генахь
Сан дагна гIайгIанца дазло.

Эрна ду бохур ду наха-м...
Эрна дуй хьанна ца хаьа?
Ва амма, хьан хIуьа бахарх,
Хьо йицйан дагна-м ца лаьа...

Къухдаьлла вайн некъан тача
Ойланехь цIандан со гIерта.
Йиш йацар хьуна тIекхача
Кхетамна ас дитац герга.

Йицйелахь аьлла, цхьа халла,
Цкъа бIарзвеш, къегина тайна,
Мехаша идон гIаш санна,
Йаьржина, тIепаза йай хьо...

Хьо йерриг сан даг чохь йисна,
Со верриг ахь ваьхьна хьайца.
ХIун аьлла, тIаккха хIун дина,
Хьо соьга гIерта йицйайта?

1987 ш.

Хьалхара киртиг...

Вай вовшийн дезаро дерриге кхачадо хьуна...
М.-С. Гадаев

Хьо гича, дика бІаьрг а тохале,
Соьга ца хоьттуш, хьаьрчи хьох сан ойла.
Сан дагатеси: «Хьо йу-кх тоххарехь
Ас лехнарг, лиънарг даим сайца гойла...»

Йовзале хьалха йезаели хьо,
Хьоьца мел доцург дерриг эрна хеташ.
Амма, сан даг чохь алу меттаххьовш,
Тасалуш хилла уьйраш йу вайн хедаш.

Хьо марша Іайла, марша Іайла хьо,
БІаьр-негІар тухуш, сан сих ийнарг сица.
Сайн даг чохь даим лардан ас дІахьо
Вайн цхьаьна хилла доцчу ирсан сибат.

Кхолламца къийсар – белам, эрна дов...
ХІун оьшуш дара йовза, дог сайн марца?!
Ма лозуш хилла-кх йина йоцу чов,
Ма къахьлуш хилла-кх йиъна йоцу марзо.

Сийначу дахкарлахь…

Вовшашка синоша мерза мотт буьйцуш,
Къагийна беттаса доцу и буьйса...
Ма сирла лепа хьо, безаман Серло,
Доьху ас, доьху ас, сох дIа ма херло.

Хьо санна, сирла цу стиглахь бац седа,
Ахь санна, йовхо луш малх а ца богу,
Цкъа мацца йовр йолчу хьан кхоам хета,—
Ма Iаьржа хIуттур бу-кх дуьнен чохь бода.

ДегIана бина ша хаалур боцуш,
Летта хьо, безаман сийна ЦIе кийрахь,
Летта хьо, дуьне а дохдан ницкъ кхочуш...
И суна дуьххьара йевзинчу дийнахь.

Со ирсо къонвина ца вовззал сайна,
Ца хаьа, и йоцуш со муха Iийна.
Ткъа деган кIоргенехь са дууш гIайгIа—
Ма шийла хир ду-кх хьо йайначу дийнахь.

Дерригге чекхдолу — дац иза керла,
Дерригге дуьсур ду — мила ца кхета?
Безаман сийна ЦIе — безаман Серло,
Кхидерш-м хIун дара, шух кхоам хета-кх...

Хьо марша Іайла...

Доьду хи, йоьду хан
Сацор йац гІайгІано,
Хилаза цадолург
Дийначо лайна.
Ца хаьа, мел халчу
Доккхур ду хьайна ахь –
Вай лехнарг ца хили –
Хьо марша Іайла!

Сецначохь диталахь
Вайн хаьдда къамел,
Вайн сица дуьсур ду
Вай сица лайнарг.
Цхьатерра хирг хир бу-кх
Вайшинна къа-мел,
Ткъа лазам шен-шен бу...
Хьо марша Іайла!

Іаьнна кІел даханчу
Зезаган кхолламах
Вайн экам сатийсар
Дисина лайлахь.
Сацаран хьаьрк тоьхнехь
Азаллин къоламо,
Эшна бу вайн лаам –
Хьо марша Іайла!

Со-м ваьлла дІагІур ву,
Ца йезча санна,
Сан кийрахь дог хьуна

Ца лезча санна.
Дахарна пен бетташ,
Ма йелахь гIайгIа...
Вай лехнарг ца хили...
Хьо марша Iайла!

Цкъа мацах...

Цкъа мацах хеназа мажделла зезаг,
Меттаххьай, дендала сатесна чиллахь...
Кху хазчу дуьненахь кхоьллина безам
Суна хьо йезийта кхоьлли-те билггал?..

БIаьргаш чохь хьан деган йозанаш деша
Хууш ву, бIешарахь йевзича санна.
Кху кIайчу дуьненахь кхоьллина тешам,
Кхоьлли-те ахь суна деллачу дашна?

Ас даим массанхьа сайн даг чохь кхобу
Хьомсара хьан амат – цхьа сирла-сийлахь...
Кху маьлхан дуьненахь кхоьллина собар,
Кхоьлли-те, кIад ца луш, хьоьга сатийса?

Хьо йовзар цхьа хаза, цхьа экам, кIайн гIан,
Хьо йовзар кхолламан исбаьхьа совгIат...
Кху ширчу дуьненахь йу-теша гIайгIа
Бовзийта беза мах безаман зовкхан?

Чевнаша даьрра дог безамца хьаста,
Хьан сица дарбане нур догу сирла...
Кху къизчу дуьненахь кхоьллина къастар,
Ду-те со хьох ваккха кхоьллина билггал?

ХIун эр ду хьоьга…

ХIун эр ду хьоьга,
хьуна моьттуш хилча,
Хьо тешна йаьлла хилча хIокху ирсах?
Хьо жима хилча,
оццул хаза хилча,
ХIун эр ду хьоьга, со-м ца хууш висна.

ДIааьлча хьоьга ша ма-дарра хIинца,
Зезагийн майда йогур йу хьан даг чохь,
Седарчийн буьйса кхулур йу хьан даг чохь –
Хьан жимчу дагна халчу дер ду-кх иза.

ХIун эр ду хьоьга,
дукха экам йу-кх хьо
(Йа хила веза-кх кийрахь дог а доцуш),
Ло цIерга доьжча санна, йешар йу-кх хьо,
ДIайовр йу-кх, чIурам санна, хIаваъ доцуш.

Цундела, вист ца хуьлуш, со дIалела,
Дегаза къежаш, цхьаьнакхетар хилча:
Безамал тоьлла хьоьга болу лерам,
Хьо жима хилча, оццул хаза хилча.

Марша Іе
(илли)

Сан даг чу ахь некъ ца билли,
Хьо йуххехула тІехйийли.
Со лийли ойланца тилла,
Хьо йоцчохь массанхьа лийли.

Ца хууш, вай вовшийн лоьхий,
Вай идда, синтем а байна.
Ас хІинца хІун ала хьоьга? –
Вай вовшийн ца карий вайна...

ТІаьхьара алар:
Марша Іе, марша Іе, сан хьоменига,
ГІайгІанаш сан хьирчинарг хьо бен йац,
Ойланаш сан хьистинарг хьо бен йац,
Марша Іе, марша Іе, сан хьоменига.

Цайеънарг, со хьежарх сарралц,
Цахезнарг, сан даго кхайкхарх,
Кху лаьттах бухйаьлча санна,
Хьо йеъна йазйан сан гІайгІа.

Марша Іе, суна бехк биллий...
МаьркІаже – ма лара бахьна:
Сан даг чу ахь некъ ца билли,
Хьо каро со висча тІаьхьа.

ТІаьхьара алар:
Марша Іе, марша Іе, сан хьоменига,
ГІайгІанаш сан хьирчинарг хьо бен йац,
Ойланаш сан хьистинарг хьо бен йац,
Марша Іе, марша Іе, сан хьоменига.

Хьо хIинца хаза йу…

Хьо хIинца цхьа башха хаза йу –
Цецвийллал, со инзарвийллал.
Хьо суна бIаьстенан заза ду,
Хьох мел йо ойла йу сирла.

Хийцало гIуллакхаш, гIиллакхаш,
Ойланаш хийцало хийла –
Хьо суна йина кхел хилла-кха,
Со валлалц йиш йоцуш хийца.

Дакъаза баьхначех кхолламо
Эхь хеташ, бехк хеташ веха,
Вайн йоза йаздинчу къоламо
Сел ирсе со вина дела.

Хиндерг ма-луьу ца нислахь а,
Хьо йезнарг эрна ца ваьхна:
БIаьрсина куц ду хьан исбаьхьа,
Лерсина аз ду хьан аьхна.

Амма хьан сийлалла – хьан са ду,
Хьан са ду сан сица ийнарг...
Хьан сибат цхьа башха хаза ду –
Цецвийллал, со инзарвийллал...

Сийна хIорд

ХIорд йухабеъна...
Г. Козловский

ДагадогIу, кху меттехь генарчу бераллехь,
Мел кхерстарх ца Iебаш, со левзинера.
Хьан аьрха тулгIенаш керчачу берда тIехь
Хьалхарчу безаман ирс девзинера.

ЦIеначу безамо сирла некъ лоьхура,
Дахаран зовкхана хетара герга.
Амма и кхолламо йаькхира соьгара,
Йайра и, со вуьтуш къизаллин цIергахь.

Сийна хIорд, сийна хIорд, хьо муха бехира,
Со кхуза ца вогIуш йаьллачу хенахь.
Сийна хIорд, сан дагна хьоьца ду бегIийла,
Хьох ваьлча, са бIаьрзе лелла со генахь.

Аьрхачу ницкъаца инзаре кхийсалуш,
Дарйелла хьийзи хьан тулгIенаш сарралц.
Хеталуш стигланийн Iаьрчашца къийсалуш,
Ма карзахбаьлла хьо, бух кхехкаш санна...

Сийна хIорд, сийна хIорд,
цIеххьана тийна дIа...
Ахь муха йийшийна тулгIенийн раьгIнаш?
Сийна хIорд, алахьа, сецний хьо, дийцахьа,
ГIайгIане доьжначу сан даге хьаьжна?

* * *

Сан бешахь самукъне дийкира чIоб,
Де-буьйса ца къаьсташ, хенан раж йоьхна...
Доцучу хаттарна карадац жоп,
Долучу хаттарна-м вай а букъ тоьхна.

Цу маьлхан зIаьнарийн и дашо цIов,
Хьан коча ас олларх, кхачам хир боцуш,
Йара хьо цецвийллал хазйелла сов,
БIаьрзечу безаман доза а доцуш.

Кхоьлина ойланаш, хIоьттина дохк,
Со лелла хIумма а ца гуш кхин гонах.
Ас эрна, мах боцуш, дагийна дог,
Ас эрна текхийна и Татин гота.

Сан бешахь цхьа гIийла декаш ду чIоб,
ХIора хан, хIора сахьт билгал а доккхуш...
Доцучу хаттарна ца эшарх жоп,
Долучу хаттаро паргIат ца воккху.

* * *

Йуьхьанца безамо
Эсала хьистира,
Чаккхенехь – йисинчу
Дералло цистира.
Нур хилла къегинарг
КIур хилла дегира.
Тхьамарийн гIаланех
Хаьрцира дерриге.

ХIумма дац, со хIинца
ГIайгIане хIоьттича –
Марзонийн мах хир бу-кх
ДIабехнарг кхолламо.
ДIамер ду-кх цо суна
И къаьхьа доьттинарг,
Вожор вац са гатте
Хьийзочу хорамо.

Амма и дIадевлларш
Дагардан хIоьттича,
Сан кийрахь дог хуьлу,
Хи санна, дистина.
Къахета-кх йайначу
Сайн дегайовхонах,
ГIургIезан тIам бетташ,
И-м стиглахь кхирстира.

Амма со веха кху
Сихачу заманахь,
Тарвелла вогIу со
Дахаран амалех.

Йоьрзур йац бахарх а,
Сан чов дIайирзина,
Керлачу ирсана
Со дуьхьал вирзина.

1986 ш.

БЕРАШНА ЛЕРИНА БАЙТАШ

Бабин туьйра

ГIоттий Iуьйрре,
Когаш Iуьйра,
Сайн бабех а тешна,
Жимчохь хийла
Некъ идийна,
Туьйра лоьхуш денна.

Акхароша,
Олхазарша
Къамел деш вайн маттахь,
Кхерстийна со
Сатийсарша
ВорхIе стиглахь, лаьттахь...

Бузчу малхехь
Куьрка хьалхахь
Сох хьирчина туьйра,
Воккха хилла,
Дахар сихлуш,
Хьо ма херадуьйлу.

Бабин туьйра,
Дог ца туьй сан,
Мичахь дай хьо, диси?
Бабин туьйра,
Бабин туьйра,
Вехьа сох хьайн йийсар...

ХIара дахар,
ХIуьа бахарх,

Ша дерг бен ма дац-кха.
Хьо цхьаъ хилла
ЦIена, сирла...
Ахь со хьайх ма ваккха.

Со дIагIур ву,
Генна гIур ву,
Сайн бабех а тешна,
Лоьхуш туьйра –
Суна-м туьйра
Тахна чIогIа эшна.

Бабин туьйра,
Бабин туьйра,
Вехьа сох хьайн йийсар...

1987 ш.

Керла шо

Гулло, бераш, арадовла,
Керла шо ду кхочуш тIе.
Духьалкхеттарг шайна новкъахь
Кху суьйренца декъалве.

Лайца беттан серло йаьржа,
Цу хазаллин терго йе.
Хуьлда ойла цIена, маьрша,
И ло санна беркате.

Арадовла, ГIура-Дада
СовгIаташца вогIуш ву.
Керла шо вай бертахь даздахь,
Цо уьш вайна доькъур ду.

Иллеш ала, хелхадовла,
Дегнаш дахарх Iабаде.
Дуьхьалкхеттарг шайна новкъахь
Дезчу денца декъалве.

1987 ш.

Дена, нанна хазахетар

Делан дуьхьа нигат дина,
Баккхийчара бохург дина,
Дика дешна, Iилма девзарг,
Даим эшна, Далла везна.

Хьайн ден-ненан пусар де –
Хазахетар царна де.

Телефон хьайн кегош даим,
Телевизор летош даим,
Дукха сиха йоьду зама,
Кхуьур вац хьо урок Iамо.

Ахь шен хеннахь урок йе –
И ду коьрта уггаре.

Йеша аьлларг йешна воцург,
Йозанан болх бина воцург,
Хуьлу классехь ша-шех вогуш,
Кхоьруш, халла синош дохуш.

Пхьаьгал санна, ийзалуш,
Дахка санна, къийлалуш.

ЦIахь бан беза болх а бина,
Дан мел дезарш кхочушдина,
ЙуьхькIайн хир ву школе веъча,
Дена, нанна "пхиъ" ахь деъча.

Хьайн ден-ненан пусар де –
Хазахетар царна де.

2020 ш.

Полла

Дуьтий зезаг, йуьтий колл а,
Коре богIу жима полла.
Корах тийсалуш и лета,
Суна-м цунах къа ма хета.

Иштта хIора денна богIу,
Ас цундела кор ца чIогIу.
Жима полла, хаза полла,
Йиш йац цуьнца хила волла.

Соьца ловзуш, и дIауьду,
Со цхьажимма тIаьхьауьду...
Ткъа со книжка йеша воллуш,
Генаболу суна полла.

Цхьана дийнахь бац-кха полла,
Ас дIаделларх неI а, кор а.
Сан сахьаьвзи, сагатдели...
Эццахь полла гучубели.

Полла, лелош забар-хIилла,
Буьйса йоккхуш, тхан чохь хилла.

Хаза полла, жима полла –
Хила йиш йац цуьнца волла.

2020 ш.

ДоттагIалла

ДоттагIалла дезахь, хаа:
ДоттагIалла баккъал латто,
Лело дезаш дац и хала,
Лело дезаш дац и атта –
Доггах лело дезаш ду.
ДоттагIалла деза ду!

Хилла хазчу нохчийн йуьртахь,
Жимчохь дуьйна лулахь вехаш,
Цхьана кхуьуш кертахь, уьйтIахь
Дика ши кIант дикчу нехан.
ДоттагIалла – бахам бу,
Цуьнца токхе дахар ду.

Школе цхьаьна волавелла,
Цхьатера а хилла боху,
Вежарий бу моттаделла,
И шиъ цхьаьна воьдуш-вогIуш.
ДоттагIалла – ала ду –
Уггар хьалха ларам бу.

Хьасайн, Хьусайн хилла цIераш
(Йа кхин цIераш, царах тера)
Хьасайн хилла дика доьшуш,
Хьусайн цул а жимма оьшуш...
Амма доттагI – орца ду,
Хьасан гIоьнна кхочуш ву.

Наьрсаш кхиъна ХьасайнгIеран,
Царна асар даьлла дуьйъа,

Амма доцуш "вай" йа "церан",
Хьасайн, Хьусайн кийча ву-кха
Хьажа вовшийн гІуллакхе,
Хила даим гІиллакхе.

Зудий-стаггий, йетт а байна,
Цкъа цхьа доьхна лелаш дара,
И карийнарш, хиъча шайна,
ХІетахь Хьасайн, Хьусайн вара.
ЦІена гІиллакх билгал ду –
И массаьрца лелош ду!

Цкъацкъа цаьрга олу: "Дийца,
ДоттагІалла дуй шун хІинца?
Аша цкъа а ца йо мало?
ДоттагІалла йац-ткъа хало?"
Хала делахь, хаза дац –
Хаза делахь, хала дац!

ДоттагІалла дезахь, хаа:
ДоттагІалла баккъал латто,
Лело дезаш дац и хала,
Лело дезаш дац и атта –
Доггах лело дезаш ду.
ДоттагІалла деза ду!

2020 ш.

Йиц ма йе нана...

Хьо шена ца гучохь хилча –
И даим ойланца хьоьца.
Ткъа нагахь хьо гучохь хилча,
Цуьнан бIаьрг хьуна тIехь соьцу.

Цхьажимма хьан пIелг лазийча,
Цуьнан дог лаза ма долу.
Кхайкхича, хьо ца карийча,
И сихха карзах ма йолу.

Хьан коьртах цо дайн куьг хьоькхуш,
Ца кIордош безамца хьеста,
Аганан мерза йиш лоькхуш,
Наб хийла хьуна тIе тесна.

Чохь-арахь, массо а меттехь
Цо даим хьуна там лоьху.
Шен хIора ламазехь Деле
Хьо ирсе хилийтар доьху.

Гуттар а дог хуьлу цуьнан
Хьоь болчу безамах дуьзна,
Вай дуьне кхоьлличахьана
Цул цIена хIума дац цхьа а.

Ас йуьйцург мила йу ала?
Тахана жоп ло ахь: нана...
Варийлахь, варийлахь кхана
Ахь йиц ма йелахь хьайн нана.

2022 ш.

ДоттагIий – тешаме бIаьвнаш
(Халкъан шира дийцар)

Халкъо дуьйцу, хилла бохуш,
Мацах цхьана заманчохь,
Да кIенташца ирсе вехаш
Ломан йуьртахь, Нохчийчохь.

– Весет ду сан, – цхьана дийнахь
Шен кIенташка аьлла дас,
– Со волччуьра хIинца дийна,
Кхочушдар тIедуьллу ас.

Дика кечлой, арадовлий,
Массо йуьрта кхачалаш,
ХIора йуьртахь бIов а йогIий,
Йуха цIехьа дерзалаш.

Оццу дийнахь, дош ца олуш,
КIентий цIерабевлла, бах.
Ден дош сийлахь, деза лоруш
Даим баьхна нохчийн нах.

Хезаш хабар доцуш царах,
Дикка зама йаьлча дIа,
Дукха лелла ломахь-арахь,
Эххар кIентий кхаьчна цIа.

– Дада, суьйре дика хуьлда,
Могаш вуй хьо? Муха Iа?
БIов хIоттийна хIора йуьртахь,
Весет кхочушхилла хьан.

Оха динарш дара бахьнаш,
Дела ву-кха дерриг деш, –
Йекхайелла кIентийн йаххьаш,
Ден йуьхь-сибат тергалдеш.

Ларабарна, да а гарна,
Цара Далла хастам бо.
Амма хIетте ден йуьхь царна
Цхьа гIайгIане хетало...

– БIаьвнаш йоьгIний-ц массо меттехь... –
ГIийла къежна, эли дас, –
Шу ца хилла нийса кхетта,
Ас дийцинарг и ма дац.

ХIора йуьртахь доттагI лаца
Шуьга бохуш вара со.
Амма цу тIехь бехке лара
Шух ца йаьлла ледарло.

ДоттагIий ца хуьлу совнах,
Уьш мел дукха хиларх хьан,
Дика доттагI – иза бIов йу,
Уггар коьрта, исбаьхьа...

ДогIур дац шаьш аьлла цIен тIе,
Кхочуш ца деш, весет ден,
Бахна и йахь йолу кIентий –
Дала церан аьтто бе!

2022 ш.

ДадагIарна дика хаьа…

ДадагIара тхоьга аьлла,
ДадагIарна дика хаьа:
– Нагахь дика доттагI везахь,
Ша а дика хила веза.

Накъост эшча – ма Iе кхайккхалц,
Хаа, эшча, хир вуй хьайна.
Жимчохь дуьйна йисна уьйраш,
Хан мел йели, мерза хуьлу.

Цхьаьна доьлху школе деша,
Цхьаьна хуьлу гIуллакх деш а –
Оьшуш хилча, улле хIотта
Ву тхо масех дика доттагI.

Хьуьжаре а дукха хьолахь
Цхьаьна даха арадовлу.
Наха хийла, тхо цIа догIуш,
"Дела реза хуьлда!" – олу.

Хала дац и доттагI лаца,
Бохург дича баккхийчара:
ЛадогIалаш дадагIаьрга –
ДадагIарна дика хаьа!

2022 ш.

ГОЧДАРШ

Россин къаьмнийн поэтийн аьзнаш

Александр Пушкин (1799–1837), оьрсийн поэт

Поэте
(сонет)

Халкъана везар, поэт, даз ма делахь дукха,
Хесторан йоккха гIовгIа сиха дIайовр йу.
Iовдалчо кхиэлйар, нехан белар хезар ду-кха,
Хьо-м, шек а воцуш, чIогIа латта везаш ву.

Хьо – паччахь! Хьуо – цхьа ваха.
Маьрша дIагIо новкъа,
ЛадогIий, кхойкхуш хьайн маьршачу хьекъале.
Ойланийн, хьоме йолчу, стоьмаш кхиаде,
Хьуьнар хьайх даларх, ма лехалахь совгIат.

И хьоьца ма ду. Хьо – хьайн уггар лекха кхиэл,
Хьайн белхан мах а луьра хадош массарел.
Хьо цунна реза вуй-ткъа, сема исбаьхьалча?

Реза вуй? ТIаккха наха дуьйцург чот ма йе,
Диттича туйнаш, хьан цIе йогуш, алтарь тIе,
Аьрхаллехь берийн хьан гIант цара лесто даьлча.

* * *

ХIун ду сан цIарехь хьуна хIинца, хIун?
Къорачу хьуьн чохь буса аьзнаш санна,
Генарчу бердах тулгIе кхетча санна,
ГIайгIанан гIовгIа хилла и лийр йу.

Кхеташ а боцчу маттахь чурта тIехь
Йозанийн башха йинчу тIамарх терра
Цо чохь са доцу лараш йита тарло
Хьан деган иэсан цхьана кехат тIехь.

Керланиг ойла, безам, карзахалла
Йевзина долчу цу хьан сина башха
Дика йа мерза дийца ца тарло
Йицйелла йолчу хьуна сан цIаро.

Амма ахь, гIайгIа йеъча, тийналлехь,
Йаккхалахь иза, сахьийзорца хьехош.
Алалахь: ву со деган кIоргенехь,
Дуьненахь дог ду, шена чохь со вехаш.

* * *

Хьо суна йезна: безам, хила тарло,
Сан даг чохь берриг баьгна балаза.
Амма цо хьуна кхин ма йойла хало,
ГІайгІане йан хьо лаам бац-кха сан.

Хьо суна йезна, дегайовхо йоцуш,
Цкъа тийна, йуха хьийзош шеконо.
Хьо суна йезна мерза, шалхо йоцуш,
Йезийта Дала цхьанна иштта хьо.

Давид Кугультинов (1922–2006), гIалмакхойн поэт

* * *

«Кху сохьта» хилийта, ма ала «тIаккха» –
И цкъа а дагара шайна ма даккха.

«ТIаккха» – и кхетам бу пайдане боцу, –
И некъ бу хьаьвзина, чулацам боцу.

Новкъахь дерг, декхар дерг шуна тIекхача,
Аш талла, кечамбеш иза тIелаца.

Шу цунна сихонца дуьхьалхьовда,
Куьг лаций, белш лаций, мара а къовла.

«Кху сохьта», «хIинца» аш шайн керта даккха,
Йеккъа цхьа Iожалла йаийта «тIаккха».

Цхьаьнацадар

Мегаш дац-кха цомгашчунна
Къеначунна, къоначунна
Дотта догIуш доцу цIий,
ХIора лор ву хууш и.

ЦIий ма оьшу цхьаьнадагIахь,
Ткъа ца дагIахь – велла лара.
Дукха цхьаьнадогIуш доцурш
Суна девза, дицлур доцуш.

Iожалла йу, Iожалла йу,
Iовдалаллех хьекъал кхеттехь,
Бакъ харцонна маракхеттехь,
Серло, бода цхьана меттехь... –
Массарна и Iожалла йу.

* * *

Аренгахь, барз буьрса схьахьоьжуш болчохь,
Хаьтти ас илланче, къанвелла волчу:
– Хьо дукха хан йуй кху дуьнен тIехь веха?
– Со-м ву хьан нийсархо, – ца эли деха.
Гина цу жоьпо со хилар цецвохуш,
Цул тIаьхьа къеначо, со кхето, боху:

«Ахь къастош адаман дахаран барам,
Вина шо ма лара, велла шо лара.
Дийна верг – ву хьуна дийначийн хенара,
Ткъа велларг? Уггаре къона ву велла верг».
Хийтира, суна и хазийнарг аз
Къано вац, ткъа бара и къоьжа барз.

* * *

Шо дIадоьду цхьанхьа шарна тIаьхьа.
Дахар доца хилар шайна хаьа.
Амма жима хан вайн гена хьаьдча,
Шераш башха дагардан ца лаьа.

Девдда-хьаьвдда лелаш, дIаоьй нахах,
Дулу хир ду-кх лаьттарчу дахарх,
Йицло хир йу-кх къаьхьа ойла: «ХIора,
Мичча валарх, ву Iожаллин долахь».

* * *

Со дерриг лаьтта тIехь, иштта вайн махкахь
Кхо тайпа девзаш ву эладитанчийн:
Хьалхарнаш – кхоьллинарш и эладитанаш,
ШолгIанаш – даржийнарш хабаршца питанаш.

КхоалгIа – кIад ца луш харц хабарш дийца,
Къа латош, харцонца къиза жамI дийраш –
Уьш бу уьш цу эладитанна латтийнарш,
Заза хоьцуш кхиийта, беркате латтанаш.

Ткъа цхьанхьа царах цхьаъ дарже дIахIоьттинехь,
Же, ма Iе, эккхаве, цо талу доттале!

* * *

«ТIом болийнарг – зуламхо и ву!» –
Нийса дешнаш, вайна девзаш долу
Дукха хьалха дуьйна баьхна ду –
Шира зама, Ашок паччахь волуш.

ООН-ехь уьш дара хьастагI декна...
Кхузахь гIалин тхов тIехь доьшуш Iийна,
Со цецваьлла, со ца кхеташ Iийра,
Оццул сиха дешнаш схьа хьан деъна.

ХIай, хьо паччахь, вуьйцуш верг массара,
Собардейша, сан заманхой, ала,
Муьлха шераш ду хIорш, муьлха зама,
Муха нисло иштта, кхетахьара-кх.

* * *

Массанхьа, массо а заманахь,
Шен хуьлучу хийцамийн бахамехь
Уггаре ирс долчийн сатийсам
Кхочуш ца бина вайн дахаро.

Ишттачу зовкхе дог даха
Сан йиш йац! Цундела даим
Сайн лаам къийлина аса,
Сов ирс ган кхин болчу нахал...

ХIун бакъо йара сан? Хьоьгахь
ХIай, дахар, цхьаъ ду ас лоьхург,
Со хийла харц хилла хир ву,
Бекхам сох эцахьа, доьху.

Амма сан гергарнаш, хьоменаш,
Хьийза ма байтахьа кхолламе,
Царна тIехь къизаллин олалла
Суна ма гайталахь, доьху.

* * *

Даймохк, хьайн кIенташлахь, безаш болчу,
Нанас санна, ахь схьакъаставехьа
Кхолламо ша хьистина а воцург,
Уггаре ирс доцург – и вохвехьа.

Лаамза къалеттачунна гечде,
Нанас санна, къинхетам а совбе.
Цуьнан сица зезаг йухаденде,
Йухаденйе цуьнан дегайовхо.

* * *

Бодане хьийзадарх бакъдерг,
Серлонга дер хилар бакъ ду.
Ткъа иза латтийнарш буьйсанехь
Даима боданехь буьсийла.

* * *

ДоттагIаллин маьIна – тешам хилар,
ДоттагI Iехо хала-м, дера, хир дац,
Амма иза Iехош уггар хьалха
Ахь хьуо Iехавойла хьуна хаа.

* * *

Хьайн бIаьргана гина бакъдерг
Нахах лачкъо хьо ма гIорта,
Ткъа лергнашна хезна мел дерг
Хьуна бакъдерг ду ма мотта.

* * *

Кху меттехь ца беха безам:
Кхоамза сутарчу наха
Схьадоккху массо а зезаг,
Доццушехь оьшуш уьш даха.

Цара-м бах: «Лаьтто заз хецна»,
Хазаллех деш кегий дакъош.
Х1ун хаьа, хьекъал дуй цIенна
Цкъа а заз цахецар, цкъа а...

Гой шуна, дIо жIаьлин кIомсар
Стигланах маIарш а хьаькхна,
ХIора шарахь, олаллехь санна,
Йехаш йу букъ бойна йовсар?!

* * *

Са чохь мел ду хьайна, цхьаннах тешна,
Ахь ма ала шозза, хиларх нийса,
Адмаш хестош долу даккхий дешнаш,
Уьш ахь дицде хIокху сохьтехь,
ХIинццехь.

Хьо и дешнаш аьлла ваьллехь, лара
Дерриг дайна, дерриг хилла даьлла,
Вочу хIуман йуьхь а меттахйаьлла,
Горгалин аз хилча санна царах.

Орца кхойкхуш, тапъаьллачу хенахь
ЦIийн боданашкахь ду уьш цIеста санна...
Дагахь доцуш хастам хилла шена,
ХIинца дийна долчу син арз санна.

* * *

Кешнийн керта доттагI валий оха...
Дист ца хуьлуш, гуо а бина лаьтта...
Даг чохь къуьйлуш тхайна хилла бохам,
Велларг оха вилли кийра лаьттан.

Дерриг кхачий... Массо а дIатийна...
Ма цхьа атта хеди дахар дийна...
ГIовгIанечу дуьненах а хаьдда,
Аз доцучу махка даха хьадда.

Хаза-халахетарш, йа вуо-дика,
Даге са мел гатдайтинарш хIинццалц,
БIаьргаш чIаьгIна, хIара дуьне дитна,
Уьш шайн деца каш чу дIа ма дирзи.

Ткъа тхо-м диснарш хIинца йа цкъачунна,
Хиндолчуьнца ойланашка девлла.
ГIалмакхоша ма-аллара, тхуна-м
Хета ор-каш Алтайл тIехьа – геннахь.

Амма доттагI къорчу новкъа воккхуш,
Чаккхе йоццчу – гIайгIанечу новкъа,
ГIийла сан са башха серладоккхуш,
Сан коьртера сингаттам дIабов-кха.

Ма цIеххьана, со а сайх цецволуш,
Хили суна, гергара а болуш,
Кхузахь малхехь соьца лаьтта нах а,
Соьца лаьттахь баха бисна нах а.

Ас, бехк боцуш некъахьовзам бина,
Чохь са долуш йелахь йийна хIума,

Лаьа гечдар деха цу сайн къина,
ХIинццехь лаьа, доггах лаьа суна.

Ткъа вуьйш, суна хьалха бехке хилларш,
Церан бехкийн маьIна дай цIеххьана –
Кийча ву со бIозза гечдан царна,
Цунах тамехь хьаам хуьлуш дагна.

«Маца ала, – ойла йо ас, – нахе
Вайх муьлхха а ву дахарна йисттехь.
Вай цундела марзонашца дахий,
Вовшех кхеташ, къа а хеташ хIинццехь...?»

Адмийн дегнийн догIа карош санна,
Керла бакъдерг доладаьлча санна,
Со тийшира: сох нах кхетта хир бу,
Хиллачул уьш кхидIа дика хир бу.

Расул Гамзатов (1922–2003), суьйлийн поэт

* * *

Ма теша эхь доцчу хьайн нийсархочух,
Со бехвеш, хьоьга цхьаъ дийцина йолчу,
Йезаш йерг хьо йу сан! Ткъа и йу холчохь,
Шен тидам цабарна – хаза а йоцчу.

Ахь ла ма дегIа лулахочуьнга,
Массо а хIуман тIехь сан бехк беш йолчу.
Шел жима хьо хилар ца лало цуьнга,
Йезаш йерг хьо йу сан! Ткъа и йу холчохь.

Цахилларш хьехадеш, лейтахьа суна
Дехьара, хьол жима кхин лулахо а.
Доьху ас, ма теша – и кхоьру хьуна,
Хьо санна, ша йезар ма йац-кха бохуш.

Даима хилла бу вуон эладитанчаш –
Зударий, божарша ца безаш битинарш.

* * *

Хьекъалчарна йукъахь хьо йу хьекъале,
Хазачарна йукъахь – хаза инзаре.
Сол нуьцкъала хилларш тоххар хIаллакьхилла,
Со а вовр ма вара, нагахь хьо ца хиллехь.

Поэт Махьмуд* эшна хир ма вацара,
Нагахь Марем** хIетахь шен дош лардеш хиллехь.
Элдарилава*** дIовш мер а дацара,
Цуьнан нускал цунна тешам болуш хиллехь.

Хаьа суна, лаьттахь зударий ма бу
Даим тхо лардийраш, иштта хIаллакдийраш.
Бакъ ду, ахь кIелхьара со а ваьхна ву,
Хьал хIоьттина хилча, Iин чу вужуш хийла.

* Махьмуд – паччахьан заманчохь ваьхна суьйлийн байтанча.
** Марем – суьйлийн байтанчин Махьмудан хилла йезар.
*** Элдарилав – паччахьан заманчохь ваьхна суьйлийн байтанча.

* * *

Корал арахь догIа – ас хьох ойла йо,
Бусахь бешахь ло ду – ас хьох ойла йо,
ЗIаьнарш серлайуьйлу – ас хьох ойла йо,
Арахь аьхке хIоьтти – ас хьох ойла йо,
Олхазарш схьадогIуш – ас хьох ойла йо,
Йуха уьш дIадоьлхуш – ас хьох ойла йо.
Сийна коьллаш хиларх – йис а йиллина,
ХIумма далуш вац со – ас хьох ойла йо.
Дика йоI хьо хир йу-кх – хета баккъал а,
Дийнахь-буса даим – ас хьох ойла йо.

* * *

Эзар стаг дуьнен чохь кечвеллехь
Захалаш бахкийта шуьга,
Хаа цу эзарнах иэвелла,
Со – Расул Гамзатов – вуй а.

Нагахь ахь йийсаре валийна
БIе велахь, цIийца цIе йогуш,
Вуй хаа, цу бIеннах дIаийна,
Ламанхо, Расул цIе йолуш.

Итт стагна даггара хьо йезнехь,
Ца лечкъош безаман дагар –
Царах цхьаъ, сатуьйсуш дог лезнарг,
Со а ву – Расул Гамзатов.

Жоп доцуш, кхачийна собар а,
Берриш дIабевлла, цхьаъ виснехь,
Мархашка кхевдинчу ломара
Расул вуй хаалахь иза.

Цхьанне хьо ца йезахь тахана,
Бодане гIайгIа чIагIйеллехь,
Хаалахь, цу лаьмнийн тархашкахь
Со – Расул Гамзатов – велла.

* * *

Нагахь сох цIеххьана эчиг хилахь,
Доьху, сох ма делаш аьчкан шайнаш –
Лаац суна века нехан киснахь,
Лаац адам вуон хьоьжийла сайга.

Нагахь эчиг хилар суна доьгIнехь,
Лаладина иза, сох герз делаш,
ТIам тIе идош, шок лоькхуьйтуш мохехь,
Йа Iиллийта баттахь дIатарделаш.

* * *

Поэт зудчух байташ йохуш ву:
– Хьо сан серло, седа, гIотту малх,
Хьо цIахь йолуш – суна марзо йу,
Ткъа хьо йоцуш – дуьне ло-кха къахь.

Эццахь зуда – цуьнан седа, малх,
ДIахIоьттира неIарсагIи тIе...
«Йуха а хьо ?! – поэт чевхи тIе –
Болх бан вита – сихха йала дIа...»

Рами Гарипов (1932–1977), башкирийн поэт

Ненан мотт

Ас сайн халкъан син зезагаш тIера
Накхармозех, жовхIарш схьагулдо.
Дийна долчу ас буьртигех церан
Хазчу архьах йузу алхийн чоь.

Цхьанне маттал сан мотт оьшуш боций,
Хууш ву со, бевзаш цуьнан мах.
Аьхна бу и, ницкъ а, хьал а долуш,
И ца лорурш – сица лоха нах.

Хьан мотт бацахь, Даймохк бац хьан тIаккха,
Сан ненан мотт – нийсонан мотт бу.
Даймохк боцуш велахь, мотт а бац-кха,
Мотт цабезарг мохк ца безарг ву!

Мотт ца хилча, халкъ а дац-кха данне,
Сан ненан мотт – илланчин мотт бу.
Ткъа шен къоман бала боцург дагца
Адам лара бакъо йоцуш ву.

Салихь Гуртуев (1938–2020), балкхаройн поэт

Нохчийн тIом
(поэмин йацйина вариант)

КIайчу лай тIехь цIен цIий соцу...
Кайсын Кулиев

I. КIайчу лайн хийцина бос

Ша хилла, лайн кIайлли тIехь цIен цIий сецна,
Аренан лазаман билгало йарца.
Цу лаьттан лазамца дIахIитти кешнаш,
Цомгашчу букъа тIехь сурх тоьхча санна.

Лермонтовн заманахь хьаькхначу хьаннийн
Баххаш чу са деъна, денйелла моьттуш.
Шайн орамашна тIе теIаш йу хьаннаш,
Цу герзийн гIовгIано хIаваъ ду цоьстуш.

Мартыновс Лермонтов вийначу дийнахь
И латта тийжира накъостел чIогIа.
И сирла стигал а йелира хийца,
ЙуьхьIаьржо дIайайа дилхира догIа.

ГIуьттуш ду нуьцкъаха дагахь мел диснарг,
Моьттур ду, Ермолов (йа Вельяминов)
Денвелла, хьоьжуш ву долчуьнга тахна,
Дагалоьцуш, шаьш кIезиг хьестар кху махко.

Ло дешна, дуккха а диллинарг, цIийзаш,
Латта ду деллалуш, ша-шен а хьийзош.

Ванах, хIар дуьне а ду-теша духуш!? –
Лаьттан йуьхь хьулйинарг ду цIеран духар.

Йалтане сатуьйсуш Iиллинчу лаьттах
Дакъош деш ма лаьтта, ког билла йиш йац...
Хьеречу мехаша, доьхначу лаьтто
ЧIиран бод хьекхабо, иэбина цIийца.

Эрна вуон ойла йан ца лиъна суна
ЖIаьлех а, барзах а – цхьана а хIумнах,
Амма къежйели-кха цу лаьттан кIайлла,
Ткъа цуьнан сий деш стаг ца карий вайна.

Харцоно, зуламо шайн дош ма эли,
Баххьашкахь ло дилларх, лаьмнаш дIалаьтта.
МаслаIат ца лоьхуш, герзо дош эли,
Даьндарган къам дац – и дIакхача хьаьдда...

II. Пуьтийн дешнаш

Пуьташа дуьнен тIехь
Цхьанна а гIо дийр дац
Йа цхьа а кIелхьаравоккхур вац.
М. Дудин

ХьаргIанаш йаьржина, карзахе уьдуш,
Хета цIийн хьожано тIеийзош йу уьш.
Сийлахьчу цу Макках, цигарчу дахарх
Дуьйцу-кха и цкъа а ца гинчу наха*.

* Шаьш хилла доцчу меттигех дуьйцуш болчу нахах – пуьтанчех иштта олу балкхараша.

Дог цIена долу стаг бIаьргашна вевза,
Дикалла ца хуьлу туьллиган дагахь.
Кавказан нахана Москвара хеза
Хаамаш хуьлучух Кавказан тIамехь.

Лаьмнашна ма дика бевза и аьшпаш,
НеIалташ кхоьхьуьйтуш, харц луьйш болчарна,
Бехкбоцу нохчийн халкъ харцонца аьшнаш
Деш дуйла ма дика хаьа-кха царна.

Iуьйре тIейоггIушехь, дIалаьцнарг цIаро,
Iовжаме кхаъ беа шийлачу махо:
«Iовдалнаш хIунда бу мехкан урхаллехь?» –
И дийна болчаьрга хоьттуш ду махо.

Харцонан, пуьтийн а цIога ду жима,
Боьри чохь мох эрна угIуш бац вайна.
Йерриге Нохчийчоь Саута* хилла,
Марчо а ца оьшу – марчо ду кIайн ло.

Машаре буьйса иэс доцчара йагий,
АтталгIа малхо а шен болар саций.
Мичара ду иза: цкъа адмаш дойуш,
Ткъа, тIаккха, къинтIерадовлар а доьхуш?

III. Даха...

Лаьтта тIехь нуьцкъаха
Вуьйш Iожалла мел йу,
Поэт дуьхьалвала
Декхар ву.

Поль Элюар

* ТIом болуш, 1942-чу шарахь йагийна йолу Лакхара Балкхаройчуьра йурт.

Йалсаманино йеллац вайна неІарш,
Поэташа кІезиг дехча санна.
Вайн дахаро гайти Іазап, таІзарш,
Уьш ца хилча, дахар доцуш санна.

Вай хьацарца доккхура вайн кхаллар,
Адамалла, Дикалла а лоруш.
Амма хІун де? – дитац буьзначара,
Накъостий а шайх теранаш лоьхуш.

Махкахдахар хІумма доцург хилла,
Нохчийн махкахь хуьлучуьнга хьаьжча.
Цкъа Дикаллин некъах хьо дІатиллехь,
Йухаверзац атта – зулам хьаьрча.

ХІуъа дина, дийна диса, – бохуш,
Вайн дахаран мах цо байбо, буохош.
Хийла йоІа тилли Іаьржа йовлакх
Россехь, Нохчийчохь а, тхо долчохь а.

Танканаша иэтІийначу арахь
Мохо къуьйсу идар, ло а хьийзош.
Воьлла со-м сайн дахар чот ца лара –
Нохчийн бохамехь со гІорасиз ву.

Белларш ... биснарш... – царах эхь ма хета,
Тезет долчу диттех лечкъош сайн йуьхь,
Мича г1о со, сайн кхолламах ведда... –
Нальчикехь ас йазйо хlара байташ.

Багочу тІергІан хьожа йолчу кІуьро
Маьлхан йуьхь дІахьулйо. Шен ма-хуьллу

Кавказ тIамо хьийзош, со ма вац-кха
Дуьххьар веллург! Поэт вуй со тIаккха?..

IV. Эхь долчарна эхьхета

Эхь дерг хьайна гича,
Ма хетталахь, мичахь иза веха...
Халкъан хьекъалера

И дешнаш – вайна цкъа совгIатна делларш
Хилла кху дахарехь долчунах кхетта.
Ткъа вай цу гIиллакхна сахьийзо девлла,
Вай тахна жималлехь дахарх ца кхетта.

ХIун хуьлу, вай тахна бехкенаш лехарх?
Сийна буц къежйала цхьа буьйса тоьъна.
Аренаш цистина, некъаш ду доьхна,
И лаьмнийн тархаш а узаршка йевлла.

Чухчареш, ша хилла, терхеш тIе лета,
КесталгIа, хетарехь, уьш йаша тарлац.
«Балкхаройн сатасарш»* – мукъамаш хаьдда,
Чухчареш йац хIинца и мукъам ларбан.

Дуьхьало йан аьтто ца карош шайна,
Далла тIе берзийна лаам шайн берриг,
Йаххьаш Iаржйелла бу хIокху лайн кIайллехь
Бохамаш лайна и балкхараш берриш.

УгIу мох, жIаьлеш а, уьншарахь санна,
Туьйранехь бIаьвнаш а херцаш йу, йовш йу...

* Балкхарийн маттахь хIора Iуьйранна хуьлуш йолу радиопередача.

И дерриг гуш, муха лалур ду даге,
Махках а къастийна, хьийзина долчу?

АтталгIа хьаргIанаш лела ца гучух,
ЦIийн тIадмаш цу йалтийн кхаш тIехь а гуш ду.
Адамаш, хIинццалц схьа йарташкахь даьхнарш,
Кхин хир дац беш лелош – тойина, аьхна...

Чорпанан бехк бац-кха, церг йоьжнехь охьа,
Эхьхета эхь долчу нахана тахна.
Адаман коьрта чу хIара ца хоьа
Йа лаьттахь цхьана а низамца дагIац.

V. Светлана Сорокина*

Хьан бIаьргаш тахана хих буьзна мелчу,
Хьан бехк бац, ма йелха, эхь а ма хета...
Хинйолу нана, хьо ца йоьлхуш Iелац,
Дерриг гуш, дерриг и схьадийца дезаш.

ХIай адам! Хьо – сирхат, хино дIахьош йерг,
Ду берийн бераллехь хьан синан дахар.
ХIора а, цхьа бер а даькккхинарг дахарх,
Къематан цу дийнахь озор ву жоьпе.

Тамаш бу-кх, хан йаларх, дицделла дисахь...
Тахненан зуламхой хьоь ларлур бац-кха...
Сан йиша йара-кха Света цIе йолуш,
– Йелла и, Даймахках тхо даьхна долуш.
Сайн йишин метта а лаьа хьо йаха.

* Нохчийчу эскарш дигарх дуьххьара хаийтира Центральни телеведенин диктаро Сорокина Светланас, бIаьргаш чу диссина хиш а долуш.

Йелхалахь Светина, сан йелла йолчу,
Цигара цIаберзарх, тахнаъ леш болчу...
Нахана, бIаьрхишца тIулг башош, йелха,
Уьш-м хийра бац-кха вайн Россина. Йелха!

Йелха хьо! Со хьоьца воьлхуш ма-лаьтта,
Ду хIара-м боьршачу стагехь цадогIург.
КIайн Iа ду йуьхь лечкъош Iаьржачу лаьттах,
Гушдолчу цу суьрто со карзахвоху.

Шокъалийн эхь дац – эхьхетийта царна!
Сирла сатийсам бу тIедоьхна Iаьржа.
Цо Iаьржа бедар а шена ма хаьржи,
Зуламна кхана и духар теш лара.

Йелхалахь къаьхьачу бIаьрхишца, Света.
Ло догIу. И цкъа а соцур дац, хета,
Йуьхь тIера, лаьттара цIий дIа ца долу
ЦIийца бен, чIир оьцуш, Iанийна долчу.

Iедалехь болчарна и дика хаьа,
ХIетте а боккху тIом, бахьанаш лехна.
ЦIийн хьожа йевза-кха балдашна салтийн –
Ма дукха хан йац уьш шайн нанойх бекхна.

Даймехкан тIом бисна гIенашкахь къизчу,
Адамашкахь ца дисна цу хенан собар.
Йелхалахь, Света. Хьо экранехь гича,
Тхуна тхаьш куьзган чохь гуш хета хIинца.

Йелхалахь, Светлана, ло дешаш лаьтта,
Йаьллачу цу цIеран йовхонехь кхехкаш,

Бода бу олаллехь балкхаройн лаьттахь,
Цу стигла тIехула мархаш а лоьхкуш.

VI. Іаьнан мукъам

КIайниг, кIайдар, кIайлла – оцу кхетамашна кхоьллина дахар, амма уьш цкъа а вовшахкхетар дац.
Халкъан хьекъалера

КIайн ло ду лакхара кIайн мукъам боссош,
Ткъа мукъам сих ца ло лаьтта тIе босса.
Къахкийна сай санна, мукъам бу бекаш.
Ткъа ло-м ду тIедуьжуш, мукъам ца хезаш.

Цу Іаьнан буьйсанах бахбелла мукъам,
ГIайгIанех буьзна берг, – сан са цо дукъдо,
Ницкъбаран гIовгIа а, хета, дIатуьйш йу –
Нохчийчу цIийх ийна шийла ло дуьллуш.

Шен гIуллакх дитина, балкхаройн махко
Дуьллучу лайна шен йуьхь дуьхьаллоьцу.
Балкхаройн мохк бу, шен бехк болуш санна,
Ло дашош. ГIийла цо садоьIу тахна.

VII. Сингаттаман хьожа йолу Керла шо

ХIара Керла шо дIадоьдучух
тера ма хуьлийтийла Дала...
ДоттагIийн декъалдарш тIера

ДоттагIчо декъалви Керлачу шарца со,
Ткъа дуьне таьIна ду, сирла ло Іаржло.

Кхийти-кха дуьнен тIехь хIоьттинчу хьолах со,
И доккха Дарьял-хи лоьхуш ду маршо.

«Дарьял» – и буткъа некъ цу тюркийн маттара,
Бу-те вайн кхолламийн некъ а гатбелла?
Шайн махках бевлларш бу цу лаьмнийн гаттонехь,
Сан вижар доьхна-кха, мотт чIагI а белла.

Сан керла шо цIийлахь тийжаш ду Нохчийчохь,
Со, поэт, дийна ву – ца велла цигахь...
Жимачу стагана кхеттачу шокъалехь
ХIинццалц схьа мел хилла сан дахар дисна-кх.

Ткъа тIаккха оцунах Керла шо хуьлий-те?
Иштта, ца хийцалуш, кхидIа а додахь,
Дикалле болу сатийсамаш бов-кха,
Кхеташ вац, кху тIамехь хьанна хIун доькху-те?

Шо дезткъе дейтталгIа, цIий Iеттош, дIадели
Шен лазам, шен эхь а вайна схьаделла.
«Спецпереселенец» дош диц ца делла,
Бохамийн хи мийларх дуьне а ца Iеби.

VIII. Кавказ

Маршалла, Кавказан хIай сийна лаьмнаш!
Сан беролла хьистира аш,
Шайн акхачу даккъаш тIехь лелийра аш со,
Мархаш тIейуьйхира суна,
Аш со стигална марзвира, цу хенахь дуьйна
Ас сатуьйсу шуьга а, мархашка а.

М. Лермонтов

Кавказ – и Жаннет* йу, Кавказ и – Женева...
Ткъа цхьана буьйсано хийци-кха кхолламаш.
Тоьллачу кIенташна дахалахь кешнаш ахь,
Вуочарна таIзар а делахь ахь-айххьа.

«Хьайн лулахь волчуьнга хIун хьал ду хатталахь,
Эшахь, ахь кадам бан ма делахь диц а...» –
Хьаьжча а, ца вего йиш йоцуш атталгIа,
Вуон сурташ дехки художникаша хIинца.

Сан ручка дIасецна, йаз ца луш кехат тIехь,
Схьагарехь, шекъа а дакъа ма делла.
Адамийн дахар ма дайделла-кх механа –
Адамо ша-шена йина и кхиэл а.

КъинтIера довла, со цигахь цахиларна,
Иэхь-бехк сан... Пайда бац кьинтIера дахарх,
Сан Iаьнан денна а адмалла лиъна ган,
Ткъа хIаваъ ца тоьу суна садаккха.

«Чечен» – дош аларца бераш а кхерадо...
Ас муха магийти, дийна со волуш.
ГIорасиз хиларна, хIаваъ а иэгадо,
И тайпа хIаваъ дац шех пайда болуш.

Цу кIайчу гатан тIе сурт дилли Iаьржаниг,
И тайпа урок йац дикане кхачош.
Хьоьжу со – жоп а ца доьху-кха цхьаьнгге а,
Мила ву бехке ткъа, со, хьо а вацахь?

---

* Жаннет – балкхарийн маттахь йалсамани.

IX. Охьаэгначу патаршца зезаг...

Беккъа цхьана безамо лардо зезаг...
Дог шелделча, цуьнан патарш сихха охьаоьгу.
ЙоI йезаш волчу кIентан къамелера

ТIехьийзаш волу йоI ша кино кхайкхина,
Зезагаш деара йезачу кIанта,
Зезагаш тIехь цхьа а дацара патар,
Мотта тарлора-кха, уьш дарцо дайина.

Ткъа ло ма дацара, дацара мехаш а,
Денош а ма дара, бIаьстенан санна –
Ойланаш къонахчо цу нохчийн мехкан йо,
Зезагах къералац цу йоьIан са а.

Дуьнен тIехь дахар а хир дуй-те йоIана,
Везаран зезагаш ган а ца лаахь?
Дахаро, шадерриг галдаьлла, дохарна,
Тидамза дити и цахилар лартIехь.

Бохамийн Нохчийчохь зезагийн даьгначу
ЙоIа а, кIанта а гIайгIа йац башха.
ГIала, йурт йуьзна йу хIаваэх кхерзинчу,
Малх лепа, ткъа дахар гIорийна, – дашац...

Нальчик, 1994–1995 шш.

Кузнецов Юрий, оьрсийн поэт (1941–2008)

* * *

Доьдучу хина тIехула техка
КIордийна хиларна гIашна,
Уьш тIемадевлла, йайъина чехка,
ХIун хир ду шайх, боху гIайгIа.

Дашо гIа кхин а тIедужу, кхин а
И дашо гуьйре тIехтуьлу.
Ас хаьтти: «Мича дуьгу шу хино?»
– ТIаьххьарчу йистте дIадуьгу.

* * *

Ахь дешнаш неханаш олура,
МухIар а лелийра нехан.
Хьо нехан цIерашца йогура,
Кхечунна къийжира йеха.

Со веъна, хIинца сан бIаьргашца
Хьоьжур йу хьо хIокху лаьтте,
Йоьлхур йу хьо сан бIаьрхишца,
Къинхетам хьуна хир бац кхин.

* * *

Ас цкъа бен дахарехь ца аьлла «йеза»,
Куралла эшийна, суо вина реза.
Йух-йуха боху ас... Хьо йист ма хила,
Цу дашах ца кхеташ хьо бен ца хилла.

«Хьо йеза, хьо йеза», – там бу сан сина
Йуха а дуьне гар цхьа башха сирла.
Сан сина хIумма а ца оьшу – цунна-м
Бен а дац со везар – цавезар хьуна.

* * *

ХIун бах ас? ХIун дуьйцу айса?
Муьлхачу цIаро дIаийци?
Лаьа-кха сайн нене кхайкха,
Амма ас ненан мотт бицби.

ХIун гене йу-те, хIун бала,
ХIун оьрсийн кхоллам бу иза,
Кийрара – воьлча дош ала –
Аьзнаш бен ца довлуш къиза.

* * *

ЦIеххьана!.. И бара тIулг самабаьлла,
Десачу дуьненах и хьакхабели.
Дуьне а дерриге тIулг хилла даьлла.
Цу тIулгах мел кхеттарг ата ма дели.

Некъаш а, цецдевлла, йуха схьахьаьвси,
Дуьненан агIонаш дIакъовлайели.
Цу тIулга чудуьйли и стелахаьштиг...
Са а цу тIулгана дIаделладели.

* * *

Селхана лийлира лаьттахь со, тахна-м шу
Ловза а мегар ду – сан меттиг паргIат йу.
Хезна ву, дуьнен чохь дIахIуьттуш гатте йу,
ДIалаца, дIалаца – сан меттиг паргIат йу.

ДIалаца – шу девлла лелар ду даим а,
Амма шу-м цкъа а кхин девр дац-кха хадийна
Со хьалха кхирстина и йеса аренаш –
Мел генахь хиллера со шуна, хаалаш.

* * *

Доьдучу денна вайх ма къа ца хета,
ХIумма а шех ца дуьтуш, иза дов:
Ца йуьту ойла – шена новкъа хетарг,
Ца йуьту мархаш, стелахаьштиг, ткъов.

Ма баха ахьа хьайга, велла ваьлча,
Олхазар йа дитт хилла, гIоттур ву.
Ма ботта аьшпаш хьайна! – эрна ду.
ХIумма а хир дац йуха, цкъа дIадаьлча.

Цкъа мацца малх а дIабовш, дайна гIора,
ТIаьххьара суйнах къедда, соцур бу.
Ткъа даг чохь... даг чохь арз ду гIийла, къора,
Адам а, маржа, адам лоьхуш ду...

* * *

И сийна дитташ а, кескаш а тархийн
ГIамаро сихонца хьулйечу хенахь –
Iаламна дерриге дицло – гечделахь,
Iаламо шадийриг ца хууш дарна.

Некъан ах чекхйаьлча, Iин хааделча,
Мах базлуш тIаьххьара дисинчу дийнан,
Хиндолчун къизалла гечйелахь, гечйе –
Иза тIекхочур ду, ткъа вай а лийр ду.

* * *

Новкъара йуха схьахьаьжира са:
Гуьйриг, йа борз йу-те, йа Пушкин хета?
Къоналла ахь эрна йахийти дIа,
ГIеметта хIоттарх а лууш вац кхета.

Москвара цу Каспи тIе кхаччалц, кIуьрлахь
Iожалла санна, хьо кхерсташ ма лела.
ХIун хиъна хьайн махках, хIун карий хьуна,
Сел башха, биэн доцуш, хьо махке хьежа?

Дега

ХIун ала аса хьан кошехь, хIун ала?
Хьан вала бакъо ма йацара, ала?

Тхо тхаьш ахь дитина дуьнен чохь даха.
Хьажал хьо сан нене – и йерриг чов йу,
Иштта чу чевнаша мох а ма лоцу,
И тайпа лазар шир ма ца ло, дада.

Жоьра а йисина, шен даг чохь тийжаш,
Цо-м, бераш доьхуш хьоь, гIенах са тийси.

Мархашна тIехьара серлонаш санна,
Цо тIома гIаларташ делла дуьненна –
Йижарий, вежарий сан, бинарш даг чохь –
Сан хьаьнга йиш хир йу и дийца, ала?

Хьан кошехь хIумма а ца тарло деха...
Шераш а совцуш дац... Стенга ладегIа?
– Ахь ирс ца деъна, да! – ас чIоггIа олу,
Ткъа нанас, Iадайой, сан бат дIакъовлу...

Бадрутдин Магомедов (1942–2017), гIумкийн поэт

Дог

Адам лаьттах кхоьллина ду, боху.
Амма хIетте, адмаш, тарлуш хилалаш:
ДаьттIа дог дац йуха хотталуш.

Къаналла

Цкъацкъа дуьхьалкхета йуьхь,
Са а схьагуш шена тIехь,
Цуьнан хIор а хебарехь
Син меттахъхьер хаалуш...
И йуьхь къанло хеназа.
Цкъацкъа хуьлу
туьтмIаьжигех тера йолуш йуьхь,
Цунна тIехь ца хуьлу хебарш,
Иза къан а ца ло,
цкъа а къона хилла йоцу дела.

Йуьхь

Иза йоьлхура куьзганна хьалха,
Шен лазам байбеш санна, дуьйцура цо:
– Сан йуьхь тIе хьекхна хIумнаш йу,
ХIай, ма чIогIа хIумнаш
хьекхна сан йуьхь тIе.
Сан йуьхь сан йуьхь йолчуьра дIайаьлла,
Сан йуьхь тIехь дIасадаьржинарш –
Хьан бIаьрхиш ду.

Толам

Тамашийна олхазар ду – толам,
Муьлххачу а тIам тIехь цуьнан ши тIам бу:
КIайн тIам а, Iаьржа тIам а.

* * *

Цхьа а хIума дац атта:
Уггаре дайн гIа а,
Генах дIакъаьстий,
Атта ца дужу охьа.
Якорь а атта ца болу
Бухара хьала,
Байракх а мохехь
Атта ца ловзу –
Цхьа а хIума дац атта...
Амма оцу чолхаллехь,
Чаккхенан – жамIан
Атталла хаайалар ду.

Лакхе

Лаьтта тIехь кIезиг бац лоха нах,
Амма, уьш бара аьлла, охьа ца богIу малх.

Ахархо

Иза лела, хIу дуьйш санна, атта техкаш,
Сиха воцуш, нах санна,
тийна волуш, хьарм* санна.

Ненан мотт

Хьаьхначу хийрачу махкахь
ОьгIазе лер а, кхаъ санна, хийтира цунна...
Цуьнан маттахь, ненан маттахь,
хезна дара и лер.

Дахар

Динара охьа дукха мел веттало,
Цуьнга хьо чIогIа марзло-кха –
Кара ца боьрзу дин санна,
ДIахахкаделла доьду дахар.

* Хьарм – храм.

Алсамалла

Дитта тIехь ло дара гаьннел а алсам.
Хетара, и дитт, хьала ца доьдуш,
Лаьттах кхуьуш ду.

Буьйсанан дитт

Буьйсанан дитт
таьIна-сийначу басахь кхуьуш ду,
Ломан хурма санна.
Сахьташ а цунна тIехь кхуьу,
тIаккха оьгу,
Кхуьу, тIаккха оьгу...

Некъан накъост

Куьрка хьалха хьийзара къена нана,
Йерриг шен дезаршкахь...
Иштта латта хьийза малхана гонах.

Ненан де

Ас нана лаьтте йерзийначу дийнахь
Кху лаьттах суна шозза нана хили.

Лаьттан иэс

Ца къега, ца бека лаьттан цинц,
Амма дац-ткъа цуьнца
Нахаран къегар а, ленан декар а?

Набйар

Эчиг хеза декаш!
Наб кхета ца вуьту:
ГIоьмукъ, турс, нох, шокъали, ракета...

КIадвалар

Ойла хуьлу, белш тIехь
кIадбелла корта,
ТIулг санна лелош,
И мича билла-те?
Нуьйжи тIе?
Йа ден коша тIе?

Безам

Ца йезашшехь йеза а тарло...
Амма оцу хенахь
Малик шайтIанца леташ ду.
Ткъа тIеман аре – и адамийн дог ду.

ДогIанал тIаьхьа

ДагадогIу, доккхачу догIанал тIаьхьа,
Малх сирла баьллачу дийнахь,
Вай дукха лийлира хьуьнан майданахь...
ДагадогIу, хьо дукха-дукха Iийра
Самабаьллачу зингатийн
барзах самукъадаьлла...
ДагадогIу, амма дIа ца йазло соьга,
Ойланаш дIасауьду, зингатий санна.

Тхи

Эххар а карий и суна,
ЖовхIар карош санна,
Чекхйаьллачу буьйсанан бухахь,
Хьан бIаьргийн негIарийн
цкъоцкъамаш тIехь
Iуьйренан тхи.

Йиш

Ахь йиш локхуш, кора тIехь зезагаш
Аренга сатуьйсуш хуьлу.
ЦIа техка долало –
ТIулгаш а сихло-кха лома,
Ткъа хьоьга ладоьгIург...
ДIа тIома волу –
Шен йезар йолче!

Тийна кIоргалла

Хи доккха мел хили,
ГIовгIа йоцуш ду цуьнан болар,
Къаьсттина – хIурда тIе кхочуш...
Хьан неIарсагIехь со лаьтта,
СадеIар а сацийна...

Къастар

ГІамаран аренгахь наггахь бен ца хуьлу
Шовданаш санна,
Синхьийзаман бІаьрхиш а дов-кха.
Цхьаьннан – хІинца а схьадийцина доцуш,
Цхьаьннан – хІинца а схьадалхийна доцуш,
Цхьаьннан – хІинцале а дакъаделла долуш.

Бекхам

Безаман жоп доцуш йисина зуда
Йоьлхура тийжарца, бохуш:
«Берзалоша со Іийшахьара,
ЖІаьлеша хьо ваахьара».

Хьер

Аьхкенан дехачу дийнахь
Буц охьу, Iийшарца, атто.
Суьйранна меллаша богIу и
ЗаIарех диначу кевне,
Когаш тIехь лелачу
Шурийн хьерах тера.

Амал

Иштта ду-кх адам:
Дерриге дахарехь ша-шен тешо гIерташ,
"Хьораман кIохцал ирдан а,
Бай тIерачу зезагашна басар хьакха а
Деза-кха хьала-охьа а» бохучух
Ша-шен тешо гIерта и дерриге дахарехь.

ДоттагIий

Кхо доттагI – кхо бIаьхьо кхийтира вовшах,
ХIорангахь – стовн диттах Iаса йу карахь.
– Вай хIинца эгор дац цхьаммо а, –
Элира Мохьмадзакира, –
Вай хIинца кхо дог ду кхаа кога тIехь!

Къаналла

Сан дуьххьара тидам хили:
Лай тIе йоьжна хьозанан кIайн мас санна,
КIайчу кехатах дIаий
Сан коьрта тIера боьжна кIайн чо...
Ша къаналла санна,
тийна а, байн а бара и чо.

ИэтIар

– Латта дац раздаьлларг,
хьоменига, кема ду...
Ишта ду-кх дахарехь:
Моттало, дуьне ду духуш,
Ткъа этIаш дерг – дог ду.

Мерза гIан

Вокзалан зала чохь
Даккхий адамаш
Ма дукха Iийра ца кхеташ,
ХIунда доьлхура буобер?
Нана гуш йолу гIан чекхдаллалц
Ца дитинера и...

* * *

Цу мархийн ховхалла, жовхIарийн чIагIалла,
Хетарехь, карор йу хIора даг чохь.
Дуьххьарчу Iуьйренан ламазал цкъа хьалха
Хазалла кхиийна нанас цу чохь.

Мархашца кхерсташ йу бос дато хазалла,
ВорхI стиглахь йаьржина ша.
ВорхI лаьттан кIоргенехь массо а заманна
ЖовхIар а хьулделла Iа.

Лаьар-кха, хан йаларх, даима дуьсийла
ХIоранца, кхачор ца девзаш кхин,
Стигланан, лаьттан а гергонан уьйр тесна,
Шен нанас декъалвар – дуьсийла и!

* * *

Наб йайна. Буьйса йу.
Седарчийн иэгаро йоруш йу стигла...
Ойланаш йуьзнарг йу
йист йоцу цхьа гIайгIа гIийла.
Цхьа девза аьзнаш а,
дуьхьало шайна ца хилларш,
Иштачу буьйсанна
схьакхочу хийла.

Латта а дIатийна.
Со волчу – дахкаран марара
ЦIийх вуьзна,
да сехьа вели:
– Сан кIант, со хийрачу
махкахь леш, хьуна ца хезира
Сан лазам, –
цо соьга эли.

Цхьа йоI а, харцоно
дахарехь йожийнарг сов атта,
Дуьнен тIехь
ша совнах хеташ,
Йистхили:
– Йамартло йинера суна
хьан доттагIчо...
Хьо цунах тийши,
сан лазам ца хезаш.

Жима бер, цамгаро
шен денош хеназа кхачийна,
Жима бер,
кхин вайца доцу:

– Кегийнаш, баккхийнаш
лararца дог кIеда вара хьо,
Сан лазам хьуна-м
ца хези...

Наб йайна. Буьйса йу.
Седарчий иэгаро йоруш йу стигла.
Ойланаш йуьзнарг йу
йист йоцу цхьа гIайгIа гIийла.
Цхьа девза аьзнаш а,
дуьхьало шайна ца хилларш,
Иштачу буьйсанна
схьакхочу хийла.

Камышная Елена, оьрсийн поэт

* * *

Хьерайалар йа безаман билгало –
Дерриг тесна, са Iехориг лелор,
Со дIакхойкхуш бIаьстенан цу леларо,
ДIайахар а алсам йолчу серло.

Лазам бевзаш, йар а хилла, гIатта,
Шовдане сайн дагара а дуьйцуш.
Йуха хила сайх цхьа тайна татол,
Ши бIаьрг сенчу мохах ловзабуьйлуш.

Хаза хьожа йуьйлу тулгIене,
ХIума довзар – Iаламат ду башха.
Дитташа йиш лоькху самукъне,
Дагна хьоме аьзнаш декош гIашца.

Арен тIехь Iаь гIуьтту, дохк а дукълуш ду.
Лаамийн йист йоцу некъаш, некъаш...
Хазахетар – Дела вовзар – дагца ду!
ТIома йоьдуш йу со! Дац уьш гIенаш!

* * *

Декийта ахча, дог оьцуш,
Са Іехош цхьаннан, лерг хьоьстуш,
Сан кхоллам кхин тайпа хилла:
Наха сан лардийр ду илли.

Іаламца хилла сан хьеший,
Іаламца лоькху ас эшарш,
Акхтаргийн детех со теша,
Сан дош цо декор ду зевне.

* * *

Хетарехь, делла-кха суна
Иллешца дарбадар сина
Безам а, йоьхург дIо стигла,
Деле ладегIар а сица.

Делла-кх гал дашца цайалар,
Белла-кха лаам ирс мийла –
Мерзачу Iазапехь йалар.
Маликан марахь денйалар.

* * *

ХIумма а дац дIадаккха,
Йа дац тIетоха.
Кхано ахь тарлуш ду
Сагатдан чIогIа.

Хьан, сан а дуьххьара
Хиллачу бIаьстенна –
Вай тIаьхьа мел идарх,
И хIинца маьIне дац.

Исбаьхьа бIаьсте кхин,
Хьо воцуш, гур йац-кха,
Цхьаммо а хазалла
Цунна шен лур йац-кха.

Хьо воцуш... Ца кхета!
Хьо бен дац совгIат кхин.
Йиц ца йеш, со йитахь
Хьайн дегайовхонехь.

* * *

Лепалахь, дIа ма ба, седа,
Бисахьа стиглахь хьо дийна.
Шийлачу буьйсанна кетIахь
Хьоьца ас шабарш а дийр ду
Хьан махка йан лаарх сайна.
Серлоно хьуна тIейоьхуш,
Геналло мах бина... вайна,
Седарчийн мухIарш а дохкуш.

Йесалла...
Цигахь йац зама,
Хьо бIарзвеш, малх хьалагIаттац,
Боккха ницкъ цигахь бу даим,
Хууш йу, и дагахь латтош,

Цигахь ду:
Вайн тIомадийлар,
Массо а хIума ду бертахь.
Iаламат ша серладийлар...
Цигахь ду – тем, лаам, беркат.

АВТОРНА ЛЕРИНА БАЙТАШ

Орцуев Мадар-Солта

Ца доьлху Яьсси…

Цуруев Шарипе

Ца доьлху, хIай, Шарип,
Ца доьлху Яьсси,
Даймехкан аренаш
Кхелина Яьсси,
Эсала, исбаьхьа,
Бос сирла Яьсси,
Ца доьлху тахана
Дог цIена Яьсси.

Къоналлин ойланаш
Карзах а йевлла,
Яьссига дагахьдерг
Хьо дийца воьлча,
Хьоьца цо хьан деган
Ойланашй йекъча,
Ма мотта, хIай Шарип,
Доьлху и Яьсси!

Цкъа Яьсси дилхина
БIешерийн кийрахь,
Дай боцуш, тхо байлахь
Дисинчу дийнахь,
Вайн нохчий Даймахках
Бохучу дийнахь...
И хIетахь дилхина,
Iабош шен кийра.

Ткъа тахна догIу и,
ОьгIазе доцуш...

ДогIу и хьагвелларг
Шен хих а Iабош,
Даймехкан аренаш
Беркатца хьекъош,
Хетало, тулгIенаш
ХIоранна къежа.

Ма ала, ма ала
Доьлху и Яьсси.
Вай Дала лардойла
Кхин делхарх Яьсси!
Шен хазна махкана
ДIайелла Яьсси,
Вайн нохчийн дог ду и,
Синкхача – Яьсси!

Генарчу Сибрех йа
ГIум-Азин арахь
Хийла со шех хьегна
Бос сирла Яьсси,
Бераллин мерза мур
Ас биъна Яьсси...
Вай делхар тоьур ду,
Кхин вай ма делхий!

.

Хьан деган пхенашкахь
Кхехкачу цIийца
Цу Яьссин цIий ма ду,
Хьо кхетий, Шарип?
Сакхташ а ца лоьхуш,
Хестаде Яьсси!
Со санна, хьо берехь*
Хьистина Яьсси!

1992 ш.

* Берехь – бераллехь, диалектан кеп.

Хасбулатов Ямлихан

* * *

Дикачу накъостна,
говзачу йаздархочунна Цуруев Шарипна

ГIел ма бе, айабе
вайн мукъам вошаллин лерамца,
КIеззиг гуо, кIеззиг са
ца тийси вай барте аренца.
Вайн орам схьабаьлла
метта мотт герзаша бохабеш,
Вайн орца дай хьо-ма
тIаьххьарчу нохчашна.

4.10.2002 ш.

Усманов Iимран

* * *

Цуруев Шарипна лерина

Массо а хIуманал
и хеташ йеза,
Ларйина адмалла,
дебош ахь, хьайн.
Дахаро зийнехь хьо,
ца хилла къиза,
Халкъо хьайн мел лайнарг
ахь цуьнца лай.

Поэзехь хьайн меттиг
карийна хьуна,
Ца хоьржуш, ца къуьйсуш
йа дарж, йа гIант.
Даггара хьо декъалван
лаьа-кха суна,
Хьакъ волу, бакъ волу
вайн нохчийн кIант!

2013 ш.

ЧУЛАЦАМ

Халикова А. «Аса дуьйцу айса хийла сица лайнарш…»
(Цуруев Шарипан кхолларалла) 3

Маьршачу ойланийн хьийзачу некъашкахь
ДоІа 10
Адамна хІун оьшу... 11
Вайн дайша баьхна... 13
Ва хьанна хаьара, Нохчийчоь... 15
Ло дуьллу... 16
Дуьненах 18
Марша Іайла, Нохчийчоь 19
Пуьтийн дуьне 20
”ХІай зама, йоьду хьо сихачу боларехь...” 21
Цхьана йаздархочуьнга 22
”Лало дика, лало вуон...” 23
Йоьхна зама 24
Сийлахь нохчалла 25
БІешерийн кийрара аз 27
Нана 28
Нохчийн маттах 29
Нохчийн мотт 31
”Сов хилахь йа тІе ца кхачахь...” 32
Барзин Іожалла 33
Гадаев Мохьмад-Селахьна 34
”ДІадахнарш ас дагалоьцу...” 35
”ХІумма а дац, хІумма а дац...” 36
Нохчийчоьне 38
ТІаххьара нохчий 39
”Ма леха, цкъа а ма леха...” 40
Вайзаманхочуьнга 41
”Мох сецча, мох бац и...” 43
Мунданаш 45
”Цхьа накъост ву-кха сан...” 47

”Ма йелхахьа, нана...” 48
”Ахь далха ма делахь дагара, накъост...” 50
”Лаамаш эшийнарг маьрша ву...” 51
”Сан хIинца ала дешнаш дисна дац...” 52
”Тешалахь, сан Даймохк...” 53
Хьенехний, минехний 54
”Вайн эхь-бехк, вайн сийлахь гIиллакхаш...” 55
”Аса жимчохь сайн дахарна...” 56
Нохчийчоь – къонахийн латта 57
Нохчийчоьнна 58
Даймахке 59
”Де дийне мел дели, шеллуш йу арахь...” 60
”Коша тIехь буц йели – ма генайели хьо, баба...” 61
”Хазачу бIаьстенца сийначу бай тIе...” 62
”Хьо цхьаъ ву дуьнен чохь...” 63
”Ма мотта, эрна ду...” 65
”Ца хаьа, суна ца хаьа...” 66
”ДIадаккха, тIетоха доцуш...” 68
Лехамех 70
”Долчунна пен бетташ...” 71
”Айми чохь, гу болчохь...” 73
Нохчаллах дош 74
Зама 76
Пондарче 78
Оьгу гIаш... 79
Ворда 81
”Цхьа хан хилла-кх йогIуш...” 82
”Ма хила веза-кх...” 85
Нене 87
Сий долчу Нохчийчоьне 88
Ца хууш даций вай-м... 89
Сатийсар 90
Синмехаллаш 91
Йогу цIе 93
”Дисинарг дукха дац дахар...” 94

Гезлой-Эвла 95
Висамбин Амрудди 96
Нохчийчоь 100
Лайн чимаш... 102
”Балано бIарзвина хилча...” 103
”Ойланаш – кхоьллинарш батто...” 104
Цкъацкъа… 105
Ненан безам 106

Къоначу шерийн байташ

Нохчийн йоI 108
Къастар 110
”Со, и схьа мел го, вела везаш хуьлу...” 112
” Хьо эзар шарахь а хIинца ма кхеталахь...” 113
Дагара ца йели хьо 114
”Безам белча, нах ца боьлху тезет хIотто...” 115
Синкъерамехь 116
Синкъерам 119
ТIаххьарлера безам 121
”ЦIийлуш, малх баьржачу хенахь...” 122
Хьалхара киртиг 123
Сийначу дахкарлахь... 124
Хьо марша Iайла 125
Цкъа мацах... 127
ХIун эр ду хьоьга... 128
Марша Iе 129
Хьо хIинца хаза йу... 130
Сийна хIорд 131
”Сан бешахь самукъне дийкира чIоб...” 132
”Йуьхьанца безамо...” 133

Берашна лерина байташ

Бабин туьйра 136
Керла шо 138
Дена, нанна хазахетар 139

Полла 140
ДоттагIалла 141
Йиц ма йе нана 143
ДоттагIий – тешаме бIаьвнаш 144
ДадагIарна дика хаьа... 146

Гочдарш
Россин къаьмнийн поэтийн аьзнаш

Александр Пушкин
Поэте 148
«ХIун ду сан цIарехь хьуна хIинца, хIун?» 149
«Хьо суна йезна: безам, хила тарло…» 150
Кугультинов Давид
”«Кху сохьта» хилийта, ма ала «тIаккха»…” 151
Цхьаьнацадар 152
”Аренгахь, барз буьрса схьахьоьжуш болчохь…” 153
”Шо дIадоьду цхьанхьа шарна тIаьхьа…” 154
”Со дерриг лаьтта тIехь, иштта вайн махкахь…” 155
”ТIом болийнарг – зуламхо и ву!..” 156
”Массанхьа, массо а заманахь...” 157
”Даймохк, хьайн кIенташлахь, безаш болчу…” 158
”Бодане хьийзадарх бакъдерг…” 159
” ДоттагIаллин маьIна – тешам хилар...” 159
”Хьайн бIаьргана гина бакъдерг…” 159
”Кху меттехь ца беха безам…” 160
”Са чохь мел ду хьайна, цхьаннах тешна…” 161
”Кешнийн керта доттагI валий оха…” 162
Гамзатов Расул
”Ма теша эхь доцчу хьайн нийсархочух…” 164
”Хьекъалчарна йукъахь хьо йу хьекъале…” 165
”Корал арахь догIа – ас хьох ойла йо…” 166
”Эзар стаг дуьнен чохь кечвеллехь…” 167
”Нагахь сох цIеххьана эчиг хилахь…” 168
”Поэт зудчух байташ йохуш ву…” 169
Гарипов Рами
Ненан мотт 170

Гуртуев Салихь
Нохчийн тIом (*поэмин йаццина вариант*) 171
Кузнецов Юрий
”Доьдучу хина тIехула техка…” 182
”Ахь дешнаш неханаш олура…” 183
”Ас цкъа бен дахарехь ца аьлла «йеза»…” 184
”ХIун бах ас? ХIун дуьйцу айса?” 185
”ЦIеххьана!.. И бара тIулг самабаьлла…” 186
”Селхана лийлира лаьттахь со, тахна-м шу…” 187
”Доьдучу денна вайх ма къа ца хета…” 188
”И сийна дитташ а, кескаш а тархийн…” 189
”Новкъара йуха схьахьаьжира са” 190
Дега 191
Магомедов Бадрутдин
Дог 192
Къаналла 192
Йуьхь 193
Толам 193
”Цхьа а хIума дац атта…” 194
Лакхе 194
Ахархо 195
Ненан мотт 195
Дахар 195
Алсамалла 196
Буьйсанан дитт 196
Некъан накъост 196
Ненан де 197
Лаьттан иэс 197
Набйар 197
КIадвалар 198
Безам 198
ДогIанал тIаьхьа 199
Тхи 199
Йиш 200
Тийна кIоргалла 200

Къастар 201
Бекхам 201
Хьер 202
Амал 202
ДоттагIий 203
Къаналла 203
ИэтIар 204
Мерза гIан 204
”Цу мархийн ховхалла, жовхIарийн чIагIалла…” 205
”Наб йайна…” 206
Камышная Елена
”Хьерайалар йа безаман билгало...” 208
”Декийта ахча, дог оьцуш…” 209
”Хетарехь, делла-кха суна…” 210
”ХIумма а дац дIадаккха…” 211
”Лепалахь, дIа ма ба, седа…” 212

Авторна лерина байташ
Орцуев Мадар-Солта. Ца доьлху Яьсси... 214
*Хасбулатов Ямлихан. ”*ГIел ма бе, айабе...” 216
*Усманов Iимран. ”*Массо а хIуманал и хеташ йеза...” 217

Литературно-художественное издание

Цуруев Шарип

МИР, КОТОРЫЙ Я НЕ ПОНЯЛ

Стихи
(на чеченском языке)

Редактор – *Арсанукаев Муса*
Дизайн и верстка – *Хасиева Амина*

Подписано в печать 14.02.2023. Формат 84х108 1/32.
Бумага офсетная. Тираж 500 экз. Заказ № 0283.

9 785431 405297

Отпечатано в АО «ИПК «Грозненский рабочий»,
г. Грозный, ул. Санкт-Петербургская, д. 12/35